ए कउवा ! अबकी रएनिया जीति आइबि हो की ॥१०॥
एक कोस गइले इनर सिंह दुइ कोसवा गइलनि रे की ॥
ए राम तीसरे कोसवा ठनलनि अहेरिया नूरे की ॥११॥
ए बबुआ ! चलि चल केदली के बनवाँ नु रे की ॥
ए बबुआ ! हम रउरा खेलबों सीकरवानु रे की ॥१२॥
सभ केहू मारेला हारिल चिरइया रे ना ॥
ए राम घुरमल सिंह मारे आपन दमदा नु रे की ॥१३॥
ऊँचवहिं मरलनि नीचवें गिरवलनि रे ना ॥
रामा ! चनन बिरीछवे ओंठघवलनि नु रे की ॥४॥
कथीए भीजेला ए बाबा ! पाँव के पनहिया रे ना ?
ए राम ! कथिए भीजेला तरुवरिया नू रे की ॥१५॥
सीतिये भीजेला बेटी ! पाँव के पनहिया रे ना ॥
ए राम ! खूनवें भीजेला तरूवरिया नू रे की ॥१६॥
कहवाँहिं मरलीं बाबा ! कहवाँ गिरवलीं रे ना ॥
ए राम ! कवना बीरीछवे ओठघवलीं नु ए राम ॥१७॥
ऊचवहिं मरलीं बेटी ! नीचवा गीरवलीं रे ना ॥
ए राम—चनन बीरीछिए ओठघाई देलीं रे की ॥१८॥
राउर छोड़ि बाबा ! अनकर ना होइबों रे ना ॥

ए रामा ! रचि एक लोथिया देखावहु रे की ॥२०॥
मोरा पीछुअरवा कहार भइया हीतवा हो ना ॥
ए रामा ! भगवति के डंडिया फनावहु रे की ॥२१॥
एक कोसे गइलों दोसर कोसे गइलों रे ना ॥
ए राम तीसर कोसवा चिल्हीया मेड़राइल रे की ॥२२॥
राउर छोड़ि बाबा ! अनकर ना होइबों रे ना ॥
ए बाबा ! तनी एक अगीया ले आवहु रे की ॥२३॥
जऊँ रउआ हईं रे बारे के बिअहुआ रे ना ॥
ए रामा फुफुतिन अगिया धधकावहु रे की ॥२४॥
जबलक बाबा हे अगिआ ले अइलन रे ना ॥
ए रामा ! फुफुतिन अगिआ धधकवली नु रे की ॥२५॥
ए रामा ! दूनों रे बेकति जरि गहलनि रे की ॥
रोवेलें घुरुमल सिंह मुहें दे रुमलिया रे ना ॥२६॥
ए रामा मोरि बुधि छुरे बेटी भगवति नु रे की ॥
जहूँ हम जनिती भगवति मोरि बुद्धि छुरबू रे ना ॥
ए रामा डंड़िया पहसि जतीया नसीती नु रे की ॥२७॥

भगवती ने कहा—हे ! मचिया पर बैठी हुई मेरी पूज्य माता ! बाबा का भोजन दे आओ ॥१॥

माता ने कहा—हे बेटी भगवती ! हाथ की कलाई बाहर करके तू ही भोजन रख आ ॥२॥

भगवति इसी तरह भोजन अपने बाबा को दे आई लौटकर उसने अपनी माता से कहा—हे मा ! बाबा की नज़र तो बहुत बुरी मालूम हुई ॥३॥

बाबू धूरमल सिंह ने अपनी कन्या की ससुराल में पत्र लिखा कि हे वत्स ! निमन्त्रण जा रहा है। इस नवेद पर तुम अवश्य आना ॥४॥

पत्र पाते इन्द्रसिंह ने (धूरमल सिंह का दामाद और भगवति का पति) मन में हँस कर अपने पिता से कहा कि हे पिता जी ! मैं इस निमन्त्रण पर ससुराल जाऊँगा ॥५॥

इन्द्रसिंह के पिता ने कहा—हे पुत्र! समझ में नहीं आता बिना गवन हुए यह निमन्त्रण कैसा? ॥६॥

इस पर इन्द्रसिंह ने अपनी माता के पास जाकर कहा—मचिया पर बैठी हुई हे मेरी पूज्य मां! इस निमन्त्रण पर मुझे ससुराल जाने दो ॥७॥

परन्तु माता ने भी इन्द्रसिंह को ससुराल जाने से यही कह कर मना किया और कहा अभी गवन हुआ नहीं तुम्हारा जाना उचित नहीं है ॥८॥

जब वे ससुराल के लिए बाहर निकले तब उनके बायें दायें काग बोलने लगा ॥९॥

उन्होंने कहा—अरे काग! तू शुभ की बोली बोल। इस बार की लड़ाई मैं जीत कर आऊँगा ॥१०॥

इन्द्रसिंह एक कोस गए, दूसरा कोस भी वे पार कर गये। किन्तु तीसरे कोस में उनसे लड़ाई ठन गयी ॥११॥

घुरमल सिंह ने (मार्ग ही में भेंट कर अपने दामाद इन्द्र सिंह से कहा) हे वत्स! केदली के बन में निकल चलो। हम आप वहाँ शिकार खेलेंगे ॥१२॥

संसार में और शिकारी तो हरियल पत्ती आदि शिकार मारता है पर घुरमल सिंह ने तो अपने दामाद का ही शिकार किया। उसने इन्द्र सिंह को ऊँची जगह पर मार कर नीचे गिरा दिया। हा राम! उसने उसकी लाश चंदन वृक्ष के सहारे खड़ी कर दी ॥१४॥

घर जाने पर घूरमल सिंह की कन्या भगवति ने पूछा—हे पिता! तुम्हारे पाँव का जूता किस चीज़ से भींग रहा है। और यह ढाल तलवार किस वस्तु से भीगी हुई है? ॥१५॥

घुरमल सिंह ने कहा—हे बेटी! सीत से तो पाँव की पनही भीग गयी है और खून से तलवार भीगी हुई है ॥१६॥

भगवति ने सारा किसा अपने पापी पिता का समझ कर ढाढ़स कर पूछा—हे पिता! आपने उन्हें कहाँ मारा और किस वृच्छ के सहारे उनके शव को खड़ा किया ॥१७॥

कामी पिता ने समझा कन्या राजी है। उसने खुशी खुशी कहा—हे

बेटी मैंने उसे ऊँची जगह पर तो मारा और नीचे गिरा कर चन्दन वृक्ष से लगा दिया ॥१८॥

कन्या ने छाती पर पत्थर रख कर अपनी सहज स्त्री चातुरी से काम लिया और कहा—हे पिता जी ! मैं आपको छोड़कर दूसरे किसी की नहीं हो सकती पर ईश्वर के नाम पर मुझे स्वामी की लाश तो दिखा दो ॥२०॥

घुरमल सिंह ने कहा—हे मेरे पिछवारे रहने वाले मेरे हितैषी भाई कहार ! भगवति के लिये पालकी सजाकर ले आओ ॥२१॥

भगवती एक कोस गई, दूसरा कोस उसने पार किया। तीसरे कोस में उसने देखा कि चील मेड़रा रही हैं ॥२२॥

उसने अपने पिता से यह कह कर कि वह उसी की होकर रहेगी आग ले आने का आग्रह किया ॥२३॥

पापी पिता आग लाने के लिये गया। इधर भगवती ने शव को लेकर कहा—हे राम ! यदि ये मेरी कुमारी अवस्था के विवाहित सत्य के स्वामी हों तो—हे भगवान !! मेरी फुफुती (साड़ी का अग्रभाग) से अग्नि धधक उठे ॥२४॥

जब तक घुरमल सिंह आग लेकर लौटा तब तक इधर भगवति की फुफुती से आग प्रगट हो कर धधकने लगी ॥२५॥

उस अग्नि में यह दम्पति जल कर स्वाहा हो गया। घुरमल सिंह मुँह पर रुमाल रखकर रोने लगा और कहने लगा—मेरी बुद्धि का हरण मेरी लड़की भगवती ने किया ॥२७॥

इसी भावका एक गीत हम और जँतसार नं० ३ में उद्धृत कर चुके हैं। किन्तु उसमें जेठ और भवह की गाथा है। और नायिका है टिकुली। पर इस गीत में नायिका भगवति है और नायक उसका पिता घुरमलसिंह और पति इन्द्र सिंह। वर्णन प्रायः एक सा है। कुछ चरण तो वैसे ही हैं। सती के सत का अच्छा परिचय है और दूसरों के लिये आदर्श पथ प्रदर्शन भी। नराधम पिता के कुकृत्यों का गीत में सत्य रूप में रख छोड़ना यथार्थ चित्रण का ज्वलन्त उदाहरण है और इस बात का प्रत्यक्ष प्रमाण है कि स्त्री

कवयित्री ने भी सदा पुरुषों से होशियार रहने के लिये अपनी बहनों को उपदेश दिया है। यहाँ तक कि ऐसे नराधम पिता का भी अस्तित्व बता कर उससे सावधान रहने की शिक्षा दी है और पुरुष मात्र से स्त्री को होशियार रहने को कहा है।

(८)

गवना करवलीं ए पीअवा, घर बइठवलीं नू रे की ॥१॥
ए मोरंग जीवरे अपने चलेले उतरी बनीजिया नू रे की ॥
बरहो बरिस पर अइले ए मोरंग जीवहो ढारे जिरवा गोनिया नू रे की ॥
माई लेई धावे हो रामा आरे पिढ़वा से पनिया नू रे की ॥
ए मोरंग जीव हो बहिनी ले अइली नव रंग बेनिया नू रे की ॥२॥
सभ कें त देखीं ए आमा अंगना से घरवा हो रामा ॥
ए मोरंग जीव हो पतरी तिरीअवा नाही देखीं ले हों की ॥३॥
तोहरी तिरिअवा ए बबुआ! गरभी गुमनिया हो राम ॥
ए मोरंग जीव हो—सूतल बाड़ी घर धवरहर हो की ॥४॥
जब आसा! रहिती हो जांघ के तिरिअवा नू रे की ॥
ए मोरंग जीव हो झांकि झुकी देखिती आपन पिअवा नू रे की ॥५॥
तोहरो तिरिअवा ए बाबू! गरभी गुमनिया नू रे की ॥
ए मोरंग जीव हो डूबि-मरली ओहीरे सगरवा नू रे की।
कहां गइलू सत क तिरिअवा बिहरे मोर छतिया नु रे की ॥६॥

पति ने स्त्री का गौना कराया। उसे घर में बैठा कर वह मोरंग देश व्यवसाय करने चला। बारह वर्ष के बाद व्यवसाय करके उधर से जब वह लौटा, तब बैल की बरधी खोलकर उसे गिराया। माता बैठने के लिए पीढ़ा (काठ का आसन) और पीने के लिए पानी लेकर दौड़ आई और बहिन रंगीन पंखा लेकर उसके पास गई ॥१-२॥

मोरंग से लौटे पुरुष ने कहा—हे मा! मैं सब किसी को घर और आँगन में देख रहा हूँ। लेकिन मेरी सुकुमार पत्नी कहाँ है? ॥३॥

माता ने कहा—हे पुत्र! तुम्हारी स्त्री बड़ी गर्वीली है। वह धौरहर पर

सो रही है ॥४॥

पुत्र ने कहा—हे मा ! अगर मेरी जाँघ की स्त्री धवरहर पर होती तो अवश्य इधर उधर झाँक कर अपने पति को देखती ॥५॥

माता ने कहा—हे पुत्र तुम्हारी स्त्री बड़ी गर्वंवती थी। उसने सामने के सागर में डूबकर अपना प्राण दे डाला।

पति ने दुःख के स्वर में कहा—हे भगवान ! मेरे हृदय में गोला लगता और मेरी छाती फट जाती। मैं मर जाता और अपनी सती स्त्री से स्वर्ग में ही भेंट करता ॥६॥

(६)

काहे के लवल हो आम इमिलिया काहे के लवल घनि बँसवारि ॥
खाए के लवलीं हो अमवा इमीलिया त बंगला छावे के बँसवारि ॥
रइनि लाई कईलीं तिरिअवा, त ओही लागि जाइ लें बिदेस ॥१ ॥
सभवा बइठल तुहूँ बाबा हे बढ़इता देईं बाबा अपन असीस ॥
पाव के पनहिया बबूआ ! लेइओ ना लेहू, अबकी रइनिआ अइह जीति ॥२॥
पसवा खेलत तुहूँ भइआ हो बढ़इता ! देईं भइया अपन असीस ॥
हंसराज घोड़वा भइया लेइओ ना लेहू, अबकी रइनिआ अइह जीति ॥३॥
मचिया बइठल तुहुँ आमा हो बढ़इतिन, देईं आमा अपन असीस ॥
दूध भात खोरवा बबुआ ! जेंइओ ना लेहू, अबकी रइनिया अइह जीति ॥४॥
भड़सर बइसल भउजी हो बढ़इतिन, देईं भउजी अपन असीस ॥
घोड़ा के चभुकिआ बबुआ लेइओ ना लेहू, अबकी रइनिया अइह जूझि ॥५॥
सेजिया बइठल मोरि धनिया बढ़इतिन, देहु धनिया अपन असीस ॥
सिर के पटुकवा हरिजी लेइओ न लीहीं, अबकी रइनिया आइबि जीति ॥६॥
पहिलीं रइनिया जूझे रजवा के पूतवा नदिया भइलि छछकाल ॥
पाव के पनहिया हमरा बाबा के दीह उन्हकर सभवा भइली सून ॥
हंसराज घोड़वा हमरा भइआ के दीह उनुकर टूटल दहिन बांह ॥७॥
दूध भात खोरवा हमरा आमा के दीह उनुकर गोदिया भइले सून ॥८॥
घोड़ा के चभुकिया हमरा भउजी के दीह, उनुकर पूजल मन के आस ॥

सिर के पटुकवा हमरा धनिया के दीह, उनुकर सेनुरवा गइले छूटि ॥६॥

पत्नी पूछ रही है—हे प्रियतम ! आपने आम और इमली के वृक्ष और सघन बाँस की कोठ किस लिये लगाया और किस हेतु मुझसे विवाह किया। पति ने उत्तर दिया—खाने के लिये मैंने आम और इमली के पेड़ लगाये और बँगला छवाने के लिये बाँस की कोठी लगाई। हे धनि ! मैंने लड़ाई लड़ने के हेतु तुम से विवाह किया और उसी लिये विदेश भी जा रहा हूँ ॥१॥

पति वहाँ से पिता के पास गया और कहा—हे सभा के मध्य में बैठे हुए पूज्य पिता ! आप अपना आशीर्वाद मुझे दीजिये। मैं रण में जारहा हूँ। पिता ने आशीर्वाद देकर कहा—हे पुत्र मेरे पाँव का जूता तुम ले लो। इस बार संग्राम तुम जीत कर आना ॥२॥

फिर वह अपने भाई के पास जाकर बोला—पासा खेलते हुए हे मेरे बड़े भाई ! मुझे अपना आशीर्वाद दीजिये। भाई ने कहा—हे भाई ! मेरा हंसराज नाम का घोड़ा तुम ले लो। इस बार संग्राम जीत कर आना ॥३॥

फिर उसने अपनी माता के पास जाकर कहा—मचिया पर बैठी हुई हे मेरी पूज्य माता ! मुझे आशीर्वाद दो। माता ने आशीर्वाद देकर कहा—हे पुत्र ! दूध भात खाकर जाओ। इस बार संग्राम जीत कर आना ॥४॥

भड़सर (घर में सामान रखने के लिये जो दीवाल में बाँस गाड़ कर मिट्टी लगा कर जगह बना लेते हैं, उसे भड़सर कहते हैं) में बैठी हुई भावज के पास जाकर उसने कहा—हे मेरी पूज्य भावज मुझे आशीर्वाद दो। भावज ने कहा—हे बाबू ! घोड़े की चाबुक ले लो। इस संग्राम में तुम जूझ जाना ॥५॥

वहाँ से पति ने अपनी स्त्री के पास जाकर कहा—सेज पर बैठी हुई हे मेरी धर्मपत्नी ! तुम मुझे अपनी शुभ कामना दो जिससे मैं यह संग्राम जीत कर सकुशल लौट आऊँ। पत्नी ने कहा—हे मेरे प्रियतम ! मेरे सिर की चादर को आप अपने साथ ले लीजिये। इस संग्राम में आप की जीत होगी ॥६॥

पहली ही लड़ाई में राजपुत्र जूझ गया। रक्त की नदी बह चली। उसने मरते मरते सन्देश दिया। मेरे पाँव की पनही मेरे पिता को देना। मेरे

बिना उनकी सभा सूनी हो गई ॥७॥

यह हंस राज घोड़ा मेरे बड़े भाई को देना। हा! मेरे निधन से उनका दाहिना हाथ टूट गया और यह दूध भात का कटोरा मेरी माता को देना हा! उनकी गोद अब सूनी हो गई ॥८॥

और यह घोड़े की चाबुक मेरी भावज को देना, जिनके मन की कामना मेरे निधन से पूरी हुई। और मेरी यह सिर की पगड़ी मेरी पत्नी को दे देना। हा! मेरे विना जिसकी सेज सूनी हो गयी ॥९॥

इस गीत में वीर रस के साथ करुण रस का बहुत सुन्दर सम्मिश्रण हुआ है। वे विधवायें, जिनके पति वीर गति को प्राप्त होते हैं इस गीत को चक्की चलाते समय गाकर अपनी किन सुकुमार और करुण स्मृतियों के भाव चित्रित करती हैं। यह पाठक अनुमान करें और विचार करें उनकी उस वेदना भरी टीस और मर्मभेदी स्थिति की ॥

(१०)

पानी के पियासल जिरवा गइली पनिघटवा रे।
घर के भसुर बटिआ रोके ले नु रे जी ॥१॥
छोड़ु छोड़ु भसुरा रे! मोर पनीघटवा रे;
बरसेला पनीआँ भीजले मोरि चुनरी नु रे जी ॥२॥
जउँ तोरा जिरवा रे भींजे ले चुनरिया रे,
हमरो दुपटवा ओढ़ि लेवहु रे जी ॥३॥
तोहरे दुपटवा भसुर! आगि धधकाइबि,
हमरी चुनरिया सीतल बयरिया नु रे जी ॥४॥
झीनी झीनी गेहुँआ जिरवा बांस के चँगेलिया,
जिरवा पीसे ली जँतसरिया नु रे जी ॥५॥
एक झींक हथवा दूसर झींकँ जँतवा,
देवर सनेसवा लेइ जावहु रे जी ॥६॥
पसवा खेलत तूहूँ जैसिंह रजवा रे,
तोरी धनि रोवे जँतसरिया नु रे जी ॥७॥

पसवा लड़वलन राजा बेल रे बबूर तर,
झपटि के अइले जँतसरिया नु रे जी ॥८॥
कोराँ ले उठवलनि जाँघ बइठवलनि,
अपनी रुमलिया अँसुआ पोंछेनु रे जी ॥६॥
किया तोहिं जिरवा रे ! माइ गरिअवलिन,
किया ही बहिनिया बिरहा बोलेहु रे जी ॥१०॥
नाहीं मोके अहो राजा सासु गरिअवलीं,
नाहीं हो बहिनिआ बिरहा बोलेनु रे जी ॥११॥
जवन भसुर मोरा अँगुठा ना देखलन,
तवन भसुरवा बटिआ रोकेनु रे जी ॥१२॥
होखे दे बिहान जिरवा ! लागे देनु लोहिया,
रइनि चढ़ाइ भइआ मारबि रे जी ॥१३॥
भइया मरले जैसिंह अकसर होइब,
धनिया मरले दूसर धनिया नु रे जी ॥१४॥
मुहवाँ रुमलिया देके हँसेलें जयसिंह,
अइसन सुलछनि जिरवा धनियाँ नु रे जी ॥१५॥

पानी भरने के लिए जीरा नाम वाली स्त्री पनघट पर गई। उसके पति के बड़े भाई ने ही, जो उस पर मोहित था, उसे रास्ते में छेड़ना चाहा। जीरा ने पनघट की छेड़ छाड़ को बुरा कहते हुए कहा कि पानी बरसने से उसकी चूँदर भीग रही है ॥१,२॥

भसुर ने कहा—अरे जीरा ! अगर तुम्हारी चूँदर भीग रही है तो तुम मेरी चादर ओढ़ लो ॥३॥

जीरा ने कहा—हे भसुर ! तुम्हारी चादर में आग लगे, मेरी चूंदर से शीतल हवा चलती है ॥४॥

बढ़ियाँ गेहूँ लेकर—बाँस की छोटी टोकरी में जीरा गेहूँ जतसार में पीस रही है। उसने एक हाथ में झींक लिया। दूसरे हाथ से झींक डाला। उसने अपने देवर से कहा कि हे देवर ! मेरा सन्देश मेरे स्वामी के पास ले

जाओ ॥५,६॥

देवर ने जाकर जैसिंह से कहा—हे भाई जै सिंह ! तुम तो यहाँ पासा खेल रहे हो और तुम्हारी स्त्री जँतसार में रो रही है ॥७॥

जैसिंह ने झट से पासा बेल और-बबूल के नीचे फेक दिया और झपट कर जतसार में जा पहुँचे ॥८॥

उसने रोती हुई अपनी स्त्री को उठाया और जाँघ पर बैठा कर अपनी रूमाल से आंसू पोछकर कहा—हे जीरा प्यारी ! तुम क्यों रो रही हो ? तुमको मा ने गाली दी है या बहन ने ताना मारा है ॥९,१०॥

जीरा ने कहा—हे राजा ! मुझको मा ने गाली नहीं दी और न ननद ने ताना ही मारा है । जिस भसुर ने मेरा कभी पाँव का अँगूठा तक नहीं देखा वही मेरा आज रास्ता रोक रहा था ॥११,१२॥

जैसिंह ने कहा—अरी जीरा ! सवेरा होने दे उस भाई को मैं रण पर चढ़ा कर मारूँगा ॥१३॥

जीरा ने कहा—हे जैसिंह ! भाई को मारने से तुम अकेले हो जाओगे । पर यदि मुझको मार दोगे तो दूसरी स्त्री तुम्हें मिल जायेगी ॥१४॥

जयसिंह ने रूमाल से अपना मुख दाब कर किसी प्रकार हँसी रोक कर कहा-जीरा ! तुम मेरी मंगल की मूर्ति शुभ लक्षणों से युक्त पत्नी हो ॥१५॥

(१२)

आवत देखीं मों दुइ हो सिपहिया,
एक साँवर एक गोर हो राम ॥१॥
गोर हउवन मोरि माई क पुतवा,
साँवर ननद जी के भइया हो राम ॥२॥
माचिअहिं बइठलि मोरि सासु बढ़इतिनि,
काइ बनावों जेवनरवा हो राम ॥३॥
कवनी कोठिलवहि बहुअरि सरेला कोदइया,
मेंड़वा मसउढ़े क सगवा हो राम ॥४॥
अगिया लगावों सासु सरली कोदइया,

बजर मसुढ़वा के सगवा हो राम ॥५॥
खोलि देबई सासु हो झिनवा त चउरा,
मुँगिया दरिय दरि दलिया हो राम ॥६॥
जेवन बइठेले सार बहनोइया,
सरवा के ढरैली अँसुइया हो राम ॥७॥
की तुहूँ सुरतेल मइया के कलेउवा,
की हो बहुअवा जी सेजरिया हो राम ॥८॥
नाहीं हम सुरतोला मइया के कलेउवा,
नाहीं त बहुअवा के सेजरिया हो राम ॥९॥
चाँद सुरज अइसन बहिनि सँकलपेउँ,
जरि जरि भइलि कोइलरिया हो राम ॥१०॥
देहु न बहिनी हमके ढालि तरुवरिया हो,
सावज अहेरिया हम जाइबि हो राम ॥११॥
एक बन गइले दूसर बन गइले,
तिसरे में मरलें बहनोइया हो राम ॥१२॥
केथियां डूबलि भइया पावँ के पनहियाँ,
केथियाँ डुबलि तरुवरिया हो राम ॥१३॥
सितिया डूबलि बहिनी पाँव के पनहिया,
रकत डूबलि तरुवरिया हो राम ॥१४॥
हम त मरलीं बहिनी ! सगे बहनोइया,
तोहरा से कहीं साँचीं बतिया हो राम ॥१५॥
कहँवहिं मरल भइया ! सग बहनोइया,
कवने बिरीछवे ओठँघवल हो राम ॥१६॥
उन्चवहि मरलीं बहिनी नीचवहिं ढकेललीं,
चनन बिरीछवे ओठघँवलीं हो राम ॥१७॥
के मोरा छइहें भइया ! राँड़ के मड़ैया,
के मोर बितइहैं दिनवा रतिया हो राम ॥१८॥

हम तोरी छइबों बहिनि राँड़ के मड़इया,
भऊजी बितइहें दिनवा रतिया हो राम ॥१९॥
दिन भर भइया ! भउजी चरखा कतइहें,
साँझि बेरि देइहैं बूँद मड़वा हो राम ॥२०॥

मैंने दो सिपाहियों को आते हुए देखा। एक साँवला और दूसरा गोरा। गोरा सिपाही तो मेरी माता जी का पुत्र है और साँवला मेरी ननद का भाई है ॥१-२॥

'मचिया पर मेरी पूज्य सास बैठी हैं। हे सास! मैं क्या जेवनार बनाऊँ ?' स्त्री ने कहा ॥३॥

सास ने कहा— हे बहू ! किस कोठी में कोदो बिगड़ रहा है। (उसी से कोदो ले लो।) और खेत की मेड़ पर मसौड़ा का साग है ही। (उसे बना लो) ॥४॥

बहू ने (खीझ कर) कहा— हे सास ! सड़े कोदो में मैं आग लगाऊँगी। मसोड़े के साग पर बज्र गिरेगा। मैं महीन चावल की कोठी खोलूंगी और मूँग दल कर उसे साफ कर दाल बनाऊँगी ॥५,६॥

जब साले और बहनोई खाने बैठे तो साले की आँखों से आँसू गिरने लगे ॥७॥

बहनोई ने पूछा—हे भाई तुमको माता का कलेवा स्मरण हो रहा है या अपनी स्त्री की सेज याद आ रही है। तुम आँखों से आँसू क्यों गिरा रहे हो ? ॥८॥

साले ने कहा— हे भाई ! मुझे न तो माता का दिया हुआ कलेवा याद पड़ा है और न अपनी स्त्री की सेज ही। मैंने चांद और सूर्य ऐसी सुन्दरी बहन तुम्हें संकल्प किया और वह तुम्हारे यहाँ दुख से जल जल कर कोयल हो गई ॥९-१०॥

इसके बाद वह अपनी बहन से ढाल और तरवार लेकर शिकार करने निकला ॥११॥

एक वन में गया। फिर दूसरे को भी उसने पार किया। तीसरे वन में

उसने अपने बहनोई को मार डाला ॥१२॥

बहन ने पूछा—हे भाई ! किस चीज से तुम्हारे पाँव का जूता भीग गया और किस वस्तु से यह ढाल तरवार भी भीगी हुई है । ? ॥१३॥

भाई ने कहा—हे बहन ! सीत से तो जूता भीगा है और रक्त से ढाल तरवार भीगे हैं ॥१४॥

हे बहन ! मैंने अपने सगे बहनोई को मार दिया । तुमसे सच्ची बात कह रहा हूँ ॥१५॥

बहन ने पूछा—हे भाई ! अपने सगे बहनोई को तुमने कहाँ मारा और किस वृक्ष के सहारे उसकी लाश खड़ी की ? ॥१६॥

भाई ने कहा—मैंने उसे ऊँची जगह पर मार कर नीचे गिरा दिया और चन्दन वृक्ष के नीचे लाश रख छोड़ी है ॥१७॥

बहन ने रोकर कहा—हे भाई ! मुझ राँड (विधवा) की मड़ैया (झोपड़ी) को कौन छावेगा अर्थात् मैं किसकी शरण और संरक्षकता में अब रहूँगी और किसके सहारे मेरे दिन बीतेंगे ? ॥१८॥

भाई ने कहा—हे बहन—मैं तुम्हारी रक्षा करूँगा । तुम जो अब विधवा हो गई तुम्हारी झोपड़ी भी मुझे ही बनानी होगी और तुम्हारी भावज तुम्हारे दुःख के दिन रात को बितावेगी ॥१९॥

बहन ने रोकर कहा—हे भाई ! दिन भर भावज मुझसे चरखा कतावेगी और संध्या समय एक बूँद माड़ [चावल पक जाने पर जो जल निकाला जाता है] पीने को देगी ॥२०॥

यह गीत भी सत्य घटना के आधार पर रचा हुआ जान पड़ता है । कभी भारत में ऐसे मिथ्यादम्भ की प्रथा भी प्रचलित थी कि जिसमें पड़कर लोग ऐसे ऐसे नृशंस कार्य भी वीरता और आत्म गौरव समझते थे ।

(१३)

सभ के नगरिया 'चुरिला' बँसिया बजावे राम ॥
हमरा नगरिया काहे ना बजावहु रे की ॥१॥
कइसे बजाईं रानी रउरी नगरिया रे ॥

कुकुरा भूँकेला पहरू जागेला रे की ॥२॥
कुकुरा के देबों 'चुरिला' दूध भात खोरिया रे ॥
पहरू के मद में मतइबो नु रे की ॥३॥
आधी राति अगिली पहर रात पिछली रे ॥
दुअरा पर चुरिला रसिया ठाढ़ नु रे की ॥४॥
खोलु खोलु खोलु रानी सँकरी केवरिया रे ॥
दुअरे अइले चुरिला रसिया नु रे की ॥५॥
कइसे मैं खोली चुरिला सँकरी केवरिया रे ।
अँचरा सूतेला राजा कूँअर रे की ॥६॥
तोहरा जे पास रानी सुबरन छुरिया रे ।
अँचरा कलपि चलि आवहु रे की ॥७॥
अँचरा कलपत चुरिला बड़ नीक लागे रामा ॥
मुहँवा देखत छतिया फाटेले रे की ॥८॥
एक कोस अइलों चुरिला दुइ कोस अइलों रे ॥
चलत चलत पइयां थाकल रे की ॥९॥
चलहु चलहु रानी थोरि के त रतिया रे ।
उहे त जे लउके मोर धवरहर रे की ॥१०॥
सूरज जे उगले चुरिला ! मुख मोर चटपट रे ॥
गोड़वा चलत चलत बज्जर रे की ॥११॥
बार बटोहिया तूहूँ मोर लगब भइया हो ।
कतहूँ देखल चुरिला धवरहर रे की ॥१२॥
नाहीं हम देखलीं (ए बहिनी)) नाहीं हम सुनलीं हो ॥
कहवाँ तू सुनलू चुरिला धवरहर रे की ॥१३॥
देखलीं मों देखलीं, ए बहिनी, हाजीपुर डीहवारे ॥
चुरिला के मइया सुअर चरावेली रे की ॥१४॥
जो मैं जनितों चुरिला जाति के दुसधवा रे ।
बाबा के नगरिया फँसिया दिहतीनु रे की ॥१५॥

लट पट पगिया चुरिला लामी लामी केसियारे ।
गोरी सुरतिया हम भूलि गहलीं नु रे की ॥१६॥
साथ ही में खइलू रानी ! साथही में सुतलू हो ॥
अब कइसे जतिया तोर मेराई नु रे की ॥१७॥

"सब के नगर में 'चुरीला' वंशी बजाता है। मेरे गाँव में क्यों नहीं जाता ?" बहू ने पूछा ॥१॥

'चुरिला' ने कहा—हे रानी ! मैं तुम्हारे गाँव में कैसे बंशी बजाऊँ ? सारी रात कुत्ते भूँका करते हैं और पहरू (चौकीदार) जागते रहते हैं ॥२॥

रानी ने कहा—हे चुरिला ! मैं कुत्ते को दूध भात कटोरा भर कर दूँगी। और पहरेदार को दारू पिलवा दूँगी (तुम आना) ॥३॥

आधी रात बीत गई। पहर रात बाकी रही। रानी के दरवाजे पर रसिक चुरिला आकर खड़ा हुआ ॥४॥

उसने कहा—हे रानी ! किवाड़ की जँजीर खोलो। तुम्हारा प्रेमी चुरिला आ गया ॥५॥

रानी ने कहा—हे चुरिला ! मैं कैसे दरवाजे की साँकल खोलूँ। मेरे अंचल पर तो राजकुमार सो रहा है ॥६॥

चुरीला ने कहा—हे रानी तुम्हारे पास सोने की छुरी है। अपना अंचल काट कर चली आओ ॥७॥

रानी अंचल काट कर बाहर आई। उसने चुरिला से कहा—हे चुरिला अंचल काटते समय तो बड़ा सुख मिला। पर चलते समय राजकुमार का मुंह देख कर छाती फट गई ॥८॥

मार्ग चलते चलते रानी ने थक कर कहा—हे चुरिला मैं एक कोस आई। दूसरा कोस भी चल चुकी। अब तो चलते चलते मेरे पैर थक गये ॥९॥

चुरिला ने कहा—हे रानी ! बस पैर बढ़ाओ। अब तो बहुत थोड़ी रात बाकी है। वह सामने मेरे घर का बुर्ज दिखलाई पड़ता है ॥१०॥

रानी ने कुछ चल कर सबेरा होने पर फिर कहा—हे चुरिला ! सूर्योदय

हो गया प्यास से मेरी जीभ तालू में लग कर चट चट कर रही है और पाँव चलते चलते बज्र ऐसे भारी हो गये हैं। हे पथिक भाई तुमने कहीं चुरिला के घर की बुर्जी देखी है ॥११, १२॥

पथिक ने कहा—हे बहन! हमने चुरिला का धौरहर न देखा है और न सुना ही है। तुमने कहाँ सुना कि चुरिला के वर धौरहर है। हे बहन! हाजीपुर बाज़ार में मैंने देखा है कि चुरिला की बहन सूअर चराती है ॥१४॥

रानी ने कहा—हे चुरिला! अगर मैं यह जानती कि तू जात का दुसाध है तो मैं अपने बाबा के नगर में ही तेरी फांसी दिलवा देती ॥१५॥

हे चुरिला मैं तुम्हारी लटपट पाग और लम्बे लम्बे केस पर भूल गई और आसक्त हो गई तुम्हारी गोरी सूरत पर ॥१६॥

चुरिला ने कहा कि हे रानी! अब तो तुमने मेरे साथ भोजन किया और मेरे शरीर से लग कर तुम अब तक सोती भी रही हो। अब तुम फिर किस तरह अपने ऊँचे कुल में मिल सकती हो? ॥१७॥

यह गीत Hugh Fraser नामक अंग्रेज लेखक ने Folk lore from Eastern Gorakhpur नामक पुस्तक में प्रकाशित किया था। उसी से यह पद संग्रहीत है। आज भी यह शाहाबाद में गाया जाता है।

(१४)

अवध नगरिया से सीता देई रे चलली।
राहे बाटे बोले कागा बोलिया हो राम ॥१॥
काग के बचनियाँ सुनि सीता मन रे झुरवे।
काहे देवरु! नयना मोरे फरके हो राम? ॥२॥
घोड़वा के बेग देवरु पवन समनवा॥
सेहू घोड़वा पावें पावें चलेला हो राम? ॥३॥
तोहरो सुरतिया देवरू! सुरुज के जोतिया?
सेहू काहे धुमिल हो गइली हो राम? ॥४॥
सुनु सुनु सीता देई! हमरी भउजिया हो!!
राम भेजेलें तोहकें वनवाँ हो राम ॥५॥

गहबर वन जाई सीता परिहरहू ।
एही लागि बनवा लेह अइलीं हो राम ॥६॥
कवना कमइए देवरू ! हम धनि रे चुकलीं ।
काहे के भेजेलें हमके बनवाँ हो राम ॥७॥
धोबिया बचनिया सुनि राम दुख पवलें ।
ताहि लागि बनवा तोहि भेजलनि हो राम ॥८॥
अजस मोटरिया देवरू ! हमरे लिलरवा ।
प्रभु के सुजसवा सब होखे हो राम ॥९॥
जो नाहीं रहिते देवरू ! हमरी गरभिया ।
एही छन जिउआ देइ देतीं हो राम ॥१०॥
एतना सुनत सेस लोटे ले धरनि पर ।
ताहि छन अइली मुरुछवा हो राम ॥११॥
अँचरा डोलाइ सीता लखन के उठवली ।
तोहरा के राम जोहत होइहें हो राम ॥१२॥
जब से लखन सीता बन तेजि चललें ।
सीता देई भुइंआ लोटि परलीं हो राम ॥१३॥
सीता के वियोग सुनि के बन के चिरइया ।
सीता के निकट बेगि अइलीं हो राम ॥१४॥
सस ना सुनत मुनि अइले रे निकटवा ।
सीता मने बोधवा करवलें हो राम ॥१५॥
जगत जननि माता धरु न धीरजवा हो ।
तोरे लागि कुटिया छवइबों हो राम ॥१६॥
चलु चलु सीता देई हमरो बहिनिया हो ।
सब भाँति सुखवा पहुँचइबो हो राम ॥१७॥
जो कोई सुनि राम सीता क वियोगवा हो ।
अमिका अमरवा होई जाई हो राम ॥१८॥

अयोध्या से सीता चलीं। रास्ते में सब जगह कौवे की बोली सुनाई

पड़ी। कौवे की बोली से सीता के मन में भय पैदा हुई और वे भय से सूख गईं। उन्होंने लछमण से पूछा हे देवर मेरी दाईं आंख क्यों फड़क रही है? यह पवन गामी रथ क्यों मन्द पड़ गया है? इसके घोड़े इतने निर्जीव और दुखी क्यों लग रहे हैं? और तुम जो सदैव सूर्य की तरह तेजस्वी दिखाई पड़ते थे इस समय श्री हीन क्यों हो रहे हो? ।।१,२,३,४।।

लछमण ने कहा—हे मेरी भावज सीता देवी! रामचन्द्र जी ने तुमको बनवास दिया है। तुम्हें घोर जंगल में ले जाकर छोड़ देने की उन्होंने आज्ञा दी है। इसी लिये मैं तुमको बन में ले चल रहा हूँ ।।५, ६।।

सीता ने कहा—हे लछमण! मेरे किस अपराध पर उन्होंने मुझे वनवास दिया? ।।७।।

लछमण ने कहा कि रामचन्द्र ने धोबी के अपवाद पर प्रजा विश्वास के लिये तुम्हें बनवास देने का निश्चय किया ।।८।।

सीता ने कहा हे देवर अपयश का भार उठाने और उसका फल भोगने से मुझे भय नहीं। प्राणेश्वर को सदैव यश मिले। यदि गर्भवती रहने के कारण विवश न होती तो मैं इसी क्षण प्राण दे देती ।।९,१०।।

सीता की इस हृदय बेधी बात से लछमण को मूर्छा आगई। वह पृथ्वी पर गिर पड़े ।।११।।

सीता ने अंचल से हवा कर लछमण को होश कराया और कहा—हे लखन लाल तुम घर जाओ राम जी तुम्हारे लिए चिन्तित होंगे ।।१२।।

जब लछमण सीता को वन में छोड़ कर चले गये तब सीता पृथ्वी पर गिर कर रोने लगीं। सीता का वियोग रुदन सुन कर वन के पक्षी उनके निकट आकर बैठ गये ।।१३, १४।।

सीता के इस क्रंदन को सुन कर मुनि बालमीक वहाँ आये और सीता को समझाने लगे। हे जगत जननी। तुम धैर्य्य धारण करो। मैं तुम्हारे लिये कुटी छवा दूंगा ।।१५, १६।।

हे सीता देवी! तुम चलो। दुख न मानो। तुम मेरी बहन हो। मैं सब प्रकार से तुम को सुख दूँगा ।।१७।।

अम्बिका प्रसाद कहते हैं कि जो कोई सीता के इस वियोग को सुनेगा वह अमर हो जायगा और बैकुण्ठ चला जायगा ॥१८॥

अम्बिका प्रसाद आरा में मुखतार थे। इनके समय का ठीक पता नहीं चलता परंतु सम्भवतः जिस समय ग्रिअरसन भोजपुरी पर खोजकर रहे थे उस समय यह अवश्य रहे होंगे। इनके अधिक गीत मुझे शान्त रस के मिले हैं। ग्रिअरसन ने भी इनके गीतों का संग्रह किया है।

(१५)

रोइ रोइ पतिया लिखेली सब सखिया।
कब होइहें तोहरे अवनवा हे हरी जी ॥१॥
कवन अइसन चुक भइली हरि जी हमरा से।
तेजि गइलीं मधुबनवा हे हरि जी ॥२॥
पिरिती के रीति कुछु रउरा नाहीं जनलीं।
हईं रउआ जातिके अहिरवा हे हरी जी ॥३॥
पछिली पिरिति करीं कबहूँ इयदिया रे
का कहिके गइलीं कुब्जा घरवा हे हरि जी ॥४॥
अम्बिका प्रसाद दरसन तोहरा से पवलीं।
छोड़िती न रउरी चरनिया हे हरि जी ॥५॥

सब सखियाँ रो रो कर पत्र लिख रहीं है। हे कृष्ण ! तुम्हारा गोकुल में कब आना होगा। हे हरि जी ! हमसे कौन सी ऐसी चूक हुई कि आप हम लोगों को त्याग कर मधुवन में चले गये। ॥१,२,॥

आपने प्रीति करने की रीति को नहीं समझा। आखिर आप जाति के अहीर ही तो हैं ॥३॥

हे हरि ! पिछली प्रीति को अब भी तो याद कीजिये कि आप हमसे क्या क्या कह कर मथुरा पुरी कुबजा के घर गये थे ॥४॥

अम्बिका प्रसाद कहते हैं कि सखियाँ कहती हैं कि हे कृष्ण ! अगर हम आपके दर्शन पा जातीं तो चरणों को फिर कभी नहीं छोड़तीं ॥५॥

(१६)

मधुपुर मधुपुर हम सुनीला ए उधो जी ।
मधुपुर कइसन देसवा ए उधोजी ॥१॥
ओहि मधु पुरवा बसे कुबरी रे ठगिनिया ।
से ही कइली हरिजी के टोनवा ए उधोजी ॥२॥
जवना कन्हइया लेइ के निसु, दिन हम विहरों,
सेहू रे कन्हइया भइले निरमोहिया ए उधो जी ॥३॥
सूर से सइयाँ प्रभु मिलि के बिछुड़ले ।
सखि सब विरहे वेआकुल ए उधो जी ॥४॥

सखियाँ कहती हैं—हे उद्धव ! मधुपुर मधुपुर हम हमेशा सुना करती हैं । यह मधुपुर कैसा देश है बताइये तो ! उस मधुपुरी (की क्यों लोग प्रशंसा करते हैं) वहाँ तो कुबरी ऐसी ठगिन निवास करती है जिसने हमारे हरि जी पर टोना (जादू) कर दिया है ॥१,२॥

हे उद्धव ! जिस हरि के साथ हम रात दिन बिहार किया करती थीं वह हरि आज निर्मोही हो गये ॥३॥

सूरदास कहते हैं कि सखियां कहती हैं कि हे ऊधो ! हमारे स्वामी हम से मिलकर भी बिछुड़ गये । हम सब सखियां बिरह से व्याकुल हो रही हैं ॥४॥

सूरदास के और भी भजन शान्त रस में मुझे मिले हैं ।

(१७)

पिआ पिआ कहि रटेला पपिहरा, जइसे रटेलि विरहिनिया ए हरी जी ॥१॥
स्याम स्याम कहि गोपी पुकारेली, स्याम गइले परदेसवा ए हरी जी ॥२॥
बहुआ विरहिनी ओही पियवा के कारन, ऊहे जो छोड़ेली भवनवा ए हरी जी ॥३॥
भवन छोड़ले पर पिअवा न ताके, बहुअरि करेली सिंगरवा ए हरी जी ॥४॥
अमिका परसाद जो पिया के मैं पइतों, सपने ना छोड़तीं चरनवा ए हरी जी ॥५॥

पपीहा पीउ पीउ कह कर ऐसा रट लगा रहा है । जैसे विरहिणी प्रियतम की रट लगाये रहती है ॥१॥

श्याम श्याम कह कर गोपियां पुकार रही हैं परंतु श्याम परदेश चले

गये हैं ॥२॥

वह भी उसी अपने प्रियतम के कारण विरहिणी हो रही है जिसने अपना घर छोड़ दिया है ॥३॥

भवन छोड़ देने पर पति प्रियतमा की ओर ताकता तक नहीं परंतु तब भी बहू श्रृङ्गार कर रही है ॥४॥

अम्बिका प्रसाद कहते हैं कि जो मैं प्रिय को इस बार पा जाती तो स्वप्न में भी उनका चरण नहीं छोड़ती ॥५॥

(१८)

जेठ के दुपहरिया क तलफी भूभुरिया हो राम ॥
अरे राम—राम जी जे सीता के निकसलनि गरुये गरभ से हो राम ॥१॥
रोवेलि सीता देई अछन छछन कइ अवरु बिलखि कइ हो राम ॥
अरे रामा के मोरे आगू पीछू होइहें केइ रे होइहें धगरिन हो राम ॥२॥
बनवा से निकसेलीं बन तपसिन सीतहिं समुझावेलीं हो राम ॥
सीता ! हम तोरे आगू पीछू होखबइ हमहीं होवइ धगरिनि हो राम ॥३॥
रोवेली सीता देई अछन छछन करि अवरू बिलखि कइ हो राम ॥
हथवा गेडुअवा लिहले रिसि मुनि सीता समुझावें हो राम ॥४॥
सीता हम लाइबि बेल के लकड़िया त रतिया अँजोर करबि हो राम ॥५॥
चइत केर तिथि नौमी त राम जगि रोपलनि हो राम ॥
बिना रे सिता जगि सूना सीता लेइ आवहु हो राम ॥६॥
आगवाँ के घोड़वा बसिठ मुनि पाछावाँ भरत लाल हो राम ॥
रामा अल्हड़े बछेड़वा लखन लाल सीता के मनावन चलले हो राम ॥७॥
पतवा के दोनवा गंगाजल पानी हो राम ॥
अरे रामा सीता धोवइँ गुरुजी के पाँव त मथवा चढ़ावेलीं हो राम ॥८॥
अतना अकलिया सीता तोहरे तू बुधि करि आगरि हो राम ।
सीता राम के कइसे बिसरवलू अजोध्या तेजि दीहलू हो राम ॥९॥
सोनवा के अस आगि तवलनि आगि भूजि कढ़लनि हो राम ॥
गुरु ! अस कइ राम मोहि डहलनि सपनवाँ ना चित्त मिलइ हो राम ॥१०॥

तोहर कहल गुरु मनबइ अजोधिया कइ जाइबि हो राम ।
गुरु अइसन पुरुस के सनेहिया त विधि न मिलावसु हो राम ॥११॥

जेठ की दोपहरी है । रेत जल रही है । अरे ! इसी समय जिसका गर्भ पूरा हो रहा था ऐसी सीता को राम जी ने घर से निकाल बाहर किया ।।१।।

सीता बिलख बिलख करके फूट फूट कर रो रही हैं और कह रही हैं कि हा राम ! अब मेरे आगे पीछे सहायता देने वाला कौन होगा और कौन मेरे लिये धगरिन बनेगा ।।२।।

वन से वन की तपस्विनी निकलती हैं और कहती हैं हे—सीता ! हम तुम्हारे आगे पीछे तुम्हारे साथ रहेंगी और हम धगरिन का काम करेंगी तुम चिन्ता मत करो ।।३।।

तब भी सीता फूट फूट कर रोती ही रहती हैं उनका बिलखना सुन हाथ में जल पात्र लेकर ऋषि मुनि आये और सीता को समझा कर कहने लगे कि हे सीता चिंता न करो हम बेल की लकड़ी लाएंगे और रात में जला-देंगे ॥४,५॥

चैत की नौमी तिथि को राम ने यज्ञ का निरूपण किया । राम ने कहा अरे ! बिना सीता के मेरा यह यज्ञ सूना हो रहा है । सीता को जाकर कोई ले आओ ।।६।।

आगे के घोड़े पर वशिष्ट मुनि सवार हुए । पीछे के घोड़े पर भरतलाल आसीन हुए और अलहड़ बछेड़ पर लखनलाल सवार होकर सीता को मनाने चले ।।७।।

सीता ने पत्तों का दोना बनाया । उसमें गंगा जल भर लाईं और गुरु जी के पांव धो कर चरणामृत लिया ।।८।।

वशिष्ट मुनि ने कहा—हे सीता ! तुमतो इतनी बुद्धिमती हो । हम तुम्हारी प्रशंसा करते हैं । किन्तु तुमने रामचन्द्र को क्यों भुला दिया और अयोध्या को क्यों त्याग दिया ।।९॥

सीता ने कहा—हे गुरु जी ! राम जी ने मेरी अग्नि-परीक्षा ली आग में जलाकर भी उन्हें प्रतीति न हुई । हे गुरु जी ! राम ने ऐसा मुझे दुःख दिया है

कि अब स्वप्न में भी मेरा चित उनसे नहीं मिलेगा। परंतु तब भी हे गुरु! मैं आपका कहना मानूंगी। अयोध्या को जाउँगी। परंतु हे गुरु विधि से यही प्रार्थना रहेगी कि ऐसे पुरुष की प्रीति को वह फिर न दे ॥१०,११॥

इसी भाव को आगे के सोहर और जँतसार गीत में भी लिया गया है। और वहाँ भी रसकी ऐसी ही पुष्टि की गई है। इस गीत के पद पद में करुणा भरी है। सीता का अन्तिम जीवन कितना करुणा-जनक रहा। वे गर्भवती अकेली बन में छोड़ दी गईं? यह नहीं विचार किया गया कि उस सती पर क्या बीतेगी? यदि पत्नी की हैसियत से वे राम के सामने रजक वाक्य को सुन कर ही त्याज्य समझी गईं तो क्या राम राज की एक प्रजा होने की दृष्टि से उन के ऊपर लगाये गये इस अभियोग की बिना जाँच किए ही फैसला कर देना राम के न्याय को कलंकित नहीं करता? और फिर उस पर भी सीता की यह सहन-शीलता कि राम के प्रति एक कुवाक्य नहीं। गुरु की आज्ञा शिरोधार्य्य कर अयोध्या जाने तक को तैयार हो जाना। पर दिल की कसक गुरु से कैसे छिपातीं?

"गुरु ऐसन पुरुस के सनेहिया त विधि ना मिलावसु हो राम।"

कितना संयम है—कितनी वेदना और व्यंग है?

(१६)

मोरँग मोरँग मों सुनीला मोरँग न जानी हो राम।
अरे रामा! मोरा पिया चले मोरँग देसवा त हम कइसे जीअबि हो राम ॥१॥
केकरा तू सऊँपेल अन धन केकरा त लछिमी हो राम।
अरे पिया केकरा तू सउँपेल नौरँग बगिया त तू चलल मोरँग हो राम ॥२॥
बाबा के सउँपली त अन धन माई जी के लछिमी हो राम॥
भइया के सऊँपली मों नवरंग बगिया हम धनि मोरंग देस हो राम ॥३॥
देइ गइलें चनन चरखवा ओठगन क मचिया हो राम।
आरे पिया! देइ गइले अपनी दोहइया धरम जनि छोड़िहउ हो राम ॥४॥
घुन लागे चनन चरखवा ओठगन क मचिया हो राम।
आरे पिया! छूटे चाहे तोहरी दोहइया धरम चाहे डोलइ हो राम ॥५॥
मन के बिरोगिनि तिरियवा त सासु जी से पूँछइँ हो राम॥

सासू ! बिना रे पुरुस के तिवइया उमिरि कइसे बितिहइँ हो राम ॥६॥
तुलवा के अँगिया सिआवहु छतीसो बँदवा लावहु हो राम ।
बहुअरि ! जिअरा में राखहु बियोग बएस बीति जइहें हो राम ॥७॥
ऊपरा जे लवलीं बेइलिया त निचवाँ सदाफल हो राम ।
हमरे हरिजी के लवलि बेइलिया बेइलि कुम्भिलाइलि हो राम ॥८॥
आवहु सखिया सलेहरि मिलि जुलि आवउ हो राम ।
हमरे हरिजी के लवलि बेइलिया बेइलि हम सींचबि हो राम ॥९॥
बेइलि त सिंचली-सिचवली बेइलि तर ठाढ़ि भइलि हो राम ।
आरे रामा ! आइ गइले हरि के सुरतिया त ठाढ़ि मुरुछाइ गइली हो राम॥११॥
बरहें बरसिवें लवटले त दुअरे खटियवा डललनि हो राम ।
आपनि मइया बोलाइ भेद पूछलें धनिया कवन रंग हो राम ॥११॥
तोर धनि अँगवा के पातरि त मुहवाँ के पीअरि हो राम ।
बेटा बड़े रे घरे के बिटिअवा दूनो कुलवा रखली हो राम ॥१२॥
कबहूँ न हँसि के पइठली बिहँसि नाहीं निकसेलि हो राम ।
बेटा महले दिया नाहीं बरली निदरिया नाहीं सूतलि हो राम ॥१३॥
अब धनि हँसि घरवा पइठहु बिहँसि के निकसहु हो राम ।
मोरि धनिया महले दिया लेसहु सोवहु सुख-निदिया हो राम ॥१४॥

विरहिणी कह रही है । मैं मोरँग मोरँग तो सुना अवश्य करती हूँ पर नहीं जानती कि मोरँग कैसा है । हा राम । मेरे पति मोरँग देश चले । मैं कैसे जीवित रहूंगी ।

उसने कहा—हे प्रिय ! तुमने किस के संरक्षण में अपना अन्न धन और लक्ष्मी (मवेशी वगैरह) किया और किसकी देख रेख में अपनी नए लगाये नौरंगी के बाग को छोड़ा कि आप मोरंग देश चले ? ॥२॥

पति ने कहा—मैं ने पिता जी के जिम्मे तो अन्न और धन दिया । भाई को माल मवेशी और अपनी माता को अपनी नई लगायी हुई नौरंगी की वाटिका (यहाँ श्लेष है— नयी लायी हुई पत्नी से तात्पर्य्य है) को सौपदिया है । और तब मोरंग देश जा रहा हूँ ॥३॥

हाय प्रियतम ! ने मुझको कातने के लिये एक चन्दन का चरखा और लेटने के लिये मचिया देकर प्रस्थान किया । और अपनी शपथ देकर कहा कि अपना धर्म न छोड़ना ॥४॥

हा ! अब चन्दन के चरखे को घुन लग रहा है और लेटने की मचिया भी अब टूट रही है । हे प्रियतम अब तुम्हारी शपथ भी टूटना चाहती है और मेरा धर्म डोलने लगा है ॥५॥

इन विचारों के साथ मन में बिरहाग्नि वहन करने वाली विरहिणी अपने सास से पूछती है कि हे सास ! बताओ बिना पुरुष के जो स्त्री हो वह अपनी आयु कैसे बितावे ॥६॥

सास ने कहा—हे बहू ! तूल कपड़े की अँगिया (कंचुकी) सिलाओ और उसमें छत्तीस बंद लगाओ । और हे बहू ! सदा मन में पति के वियोग का स्मरण किया करो तुम्हारा समय बीत जाएगा ॥७॥

ऊपर जो हरि जी ने बेइल रोपी थी तथा नीचे जो उन्होंने सदाफल का वृक्ष लगाया था वह उनकी प्यारी बेइल आज कुम्भलाने लगी है । हे सखी सहेली ! आओ मिल जुल कर चलती जाँय और हरि जी की लगाई हुई उस बेइल की लता हम सींच दें ॥८,९॥

विरहिणी ने बेइल की लता को सींचा और सखियों से सिंचवाया । फिर आप उसी के निकट खड़ी हुई । उसे पति की सुधि आई और वह खड़े ही खड़े गिरकर मूर्छित हो गई ॥१०॥

बारह वर्षों के बाद पति लौटा तो दरवाजे पर खाट डाल कर बैठा और अपनी माता को बुलाकर चुपके चुपके भेद लेने लगा कि उसकी स्त्री किस रंग भाव में है ॥११॥

माता ने कहा—हे पुत्र तुम्हारी स्त्री शरीर से तो दुबली हो गई है । मुँह का रंग पीला पड़ गया है । वह बड़े घर की कन्या है । उसने दोनों कुलों की रक्षा की है ॥१२॥

वह न तो कभी हँसकर घर में प्रवेश करती है और न कभी मुस्कराती हुई घर से बाहर होती है । हे पुत्र ! उसने अपने घर में दीप नहीं जलाया और

न कभी पूरी नींद भर सो ही सकी ॥१३॥

पति ने प्रसन्न होकर कहा—हे धनि। अब तुम हँस कर घर में पैठो और मुस्कराती हुई बाहर निकलो। अपने महल में दीप जलाओ और (मेरे साथ) सुख की नींद सोओ ॥१४॥

इस गीत में एक विरहिणी नायिका का कितना करुण चित्रण है। पति के जाते समय नायिका पूछती है कि गृह कार्य आप किस किस को सौंप कर जाते हैं। अपना प्यारा मीठे नींबू का बाग किसकी देख रेख में छोड़ रहे हैं। इससे उसका अभिप्राय था कि इससे पति रह जाय। पर वे न ठहर सके। जाते समय पति ने उसे कातने के लिए चरखा और बैठने को मचिया दिया और अपनी शपथ देकर धर्म न छोड़ने की प्रार्थना की। बारह वर्ष बीत गये—चर्खा और मचिया में घुन लग गया। तब विरहिणी घबड़ा कर डर गई कि अब कहीं धर्म भी न छूट जाय। उसने सीधे सास के पास जाकर अपनी व्यग्रता प्रकट कर पूछा कि बिना पति के मैं स्त्री जीवन किस तरह बिताऊँ! सास ने जो विरह बिताने का उपाय बताया वह कितना करुण और कितना व्यवहार्य्य है—बन्ददार अँगिया पहनो और हृदय में सदा पति वियोग का अनुभव किया कर और पति की लगाई हुई बेइल आदि पुष्प की सेवा करो। पत्नी ने ऐसे ही समय को काट दिया। पति आया और उसने माता से पत्नी के सम्बन्ध में पूछ ताछ की। माता ने विरहिणी का कितना सुंदर चित्र खींचा है कि सुनते ही करुणा आ जाती है। तुम्हारी स्त्री शरीर से पतली और मुँह से पीली हो गई है। "हे बेटा! वह बड़े कुलीन घर की कन्या है। उसने दोनों कुलों की रक्षा की। कभी हँस कर घर में नहीं समाई और न मुस्करा कर बाहर ही निकली। उसने जैसा कि कुलटाएँ किया करती हैं! अपने महल में कभी दीप तक नहीं जलाया और न वह नींद भर कभी सोई ही।" 'कितना मार्मिक चित्रण है।'

(२०)

मोरे पिछुअरवा घनि बँसवरिया से।
जुड़ि जुड़ि आवेली बयरिया हो राम ॥१॥
तेहि तर मोर हरी सेजिया बिछवलें।

आईजा तूँ हमरी सुनरिया हो राम ॥२॥
कइसे के आवों हरी तोहरी सेजरिया रे,
सासु घरवा बाड़ी बड़ी दारुनि हो राम ॥३॥
अतना बचनिया सुनि पिअवा बढ़ैता रे,
घोड़े पीठि भइलें असवरवा हो राम ॥४॥
जाइ के उतरलनि ओही मधुवनवाँ रे,
कइसें पाईं हरि के दरसवा हो राम ॥५॥
मचियहि बइठलि सासु हो ! बढ़इतिन,
कवने ओड़रे बनवा जाऊँ हो राम ॥६॥
छोरहु न बहुअरि ! चटकी चुनरिया रे,
पहिरहु फटही लुगरिया हो राम ॥७॥
हथवा के लीह बहुअरि कचरी डलियवा से,
धई लीह हेलिनी के भेसवा हो राम ॥८॥
खोरिया बहारेहु अवरु घोड़सरिया रे,
हरि के बइठका बहारेहु हो राम ॥९॥
मोढ़वा बइठल हरि देखले हेलिनिया रे।
मनहि त मने मुसुकइलनि हो राम ॥१०॥
कहँवा के तूहूँ हऊ सुनरि हेलिनिया रे,
कवन नगरिया के जइबू हो राम ॥११॥
मथुरहिं के हम हईं जी हेलिनिया से,
गोकुला नगरिया हम जाइबि हो राम ॥१२॥
तब त तूँ बहुअरि पनवा ना कुँचलू,
हमरी सेजरिया नाहीं सुतलू हो राम ॥१३॥
अब कइसे बहुअरि रूप बदललू,
हेलिनि बनल बनवां अइलू हो राम ॥१४॥
तब त जे रहलीं सइयां बारि रे लरिकवा,
अब भइलीं बारी से बयसवा हो राम ॥५॥

मोरे पिछुअरवा सोनरा भइया मितवा रे,
सोरहो सिंगार गढ़ु गहना हो राम ॥१६॥
मोरे पिछुअरवा रँगरेज भइया मितवा रे,
धनि जोगे रँगहु चुनरिया हो राम ॥१७॥
मोरे पिछुअरवा कहँरा भइया मितवा रे,
डँड़िया फनाइ घरवा चलहु हो राम ॥१८॥

मेरे पिछवारे बाँस की घनी कोठ है। उससे शीतल हवा आती है। उसके नीचे मेरे प्रियतम ने सेज बिछा कर कहा—'हे मेरी! सुन्दरी यहाँ चली आओ।' ॥१॥

सुन्दरी ने कहा—'हे स्वामी मैं आपकी सेज पर वहाँ कैसे आऊँ। यहाँ सास का बड़ा कठोर शासन है। वह घर में ही इस समय है' ॥२,३॥

इतनी बात के सुनते ही पति रूठ कर घोड़े पर सवार होकर मधुबन में जा ठहरा। हा! अब प्रियतम का कैसे दर्शन मिले? ॥४,५॥

विरहिणी ने मचिया पर बैठी हुई अपनी पूज्य सास के पास जाकर कहा—'हे सास! मैं किस बहाने से स्वामी के पास मधुबन में जाऊँ'? ॥६॥

सास ने कहा—'हे बहू! तुम अपनी चटकीली नई चूनर को बदल कर फटी लुगरी धारण करो और हाथ में टोकरी और झाड़ू लेकर हेलिन का रूप बना लो। वहाँ इस रूप में जाकर पहले गली कूचा बहारना, फिर घोड़सार बहारना और तब अपने हरि की बैठक को बहारने जाना' ॥७,८,९॥

मोढ़े (एक तरह की कुर्सी) पर बैठा हुआ स्वामी अपनी स्त्री को हेलिनि के रूप में देखकर मन ही मन मुस्कराया। उसने पूछा—'हे हेलिनि! तुम कहाँ की रहनेवाली हो और किस नगर को जाओगी?'॥१०,११॥

स्त्री ने कहा—'मैं मथुरा की हेलिनि हूँ। गोकुल नगर जाऊँगी।' स्वामी ने कहा—'हे मेरी प्यारी। तब तो तुमने पान नहीं खाया था मेरी सेज पर पाँव तक रखने से इनकार किया था अब तुमने कैसे यह रूप बनाया? कैसे हेलिनि का स्वाँग बना कर यहाँ तक चली आई'? ॥१२,१३,१४॥

स्त्री ने कहा—'तब तक तो मैं अभी कच्ची अवस्था की होने के कारण

भोली थी, किन्तु अब तो मेरा यौवन जा रहा है' ॥१५॥

पति इस उत्तर से प्रसन्न होकर कहने लगा—'हे मेरे घर के पीछे रहने वाले मित्र सोनार तुम मेरी स्त्री के शृङ्गार योग्य गहने बना दो और हे मेरे घर के पीछे रहनेवाले मित्र रंगरेज तुम मेरी धनि (पत्नी) के पहनने लायक चूनर रँग दो। मेरे घर के पीछे रहनेवाले मेरे मित्र कहार तुम मेरी प्यारी को घर ले चलने के लिए पालकी तैयार करो' ॥१६,१७॥

इस गीत में सबसे बड़ी शिक्षा की एक ही बात है और वह नारी जीवन का आदर्श है। पति के रूठने पर जो पत्नी भी मानकर बैठ रहती है और इस बात की प्रतीक्षा करती हैं कि पति उसे मनावे, वह क्यों उसे मनाने जाय। उसे यह समझना चाहिये कि संयम और सहयोग से ही दाम्पत्य जीवन सफल और सुखी होता है। उसके अनाचार से नहीं जिससे जब गलती हो क्या पति क्या पत्नी उसे तब आगे बढ़कर दूसरे को अनुकूल बनाना अपना परम कर्तव्य समझना चाहिये। पत्नी युवती थी ही। फिर सास का कठिन शासन भी था। लज्जावश पति के बुलाने पर उसका न जाना कोई उतना अस्वाभाविक नहीं था। फिर भी पति जो रूठ गया और पत्नी ने अपनी गलती महसूस की तब उसने हेलिनि का रूप बनाकर उसे जाकर मनाया। इस कृत्य से पति का प्रेम कितना बढ़ गया।

(२१)

बहेले बयारि पुरुवइया त सिकियो ना डोलेले हो राम ॥
अहो रामा, मोर परभू गइले बिदेसवा कइसे जियरा बोधउँ हो राम ॥१॥
अँगुरिन मँगिया निकरिबों नयन भरि कजरा हो राम ॥
अहो रामा, असकई जियरा बुझइबों कि जस हरि घरवें हो राम ॥२॥
होइतों मों जल क मछरिया जलहीं बीच रहितों हो राम ॥
अहो रामा, मोरा हरि अइतें असननवाँ चरन चूमि लेतीं हो राम ॥३॥
होइतों मों घरे के घरनिया जाहाँ प्रभु रमि रहे ले हो राम ।
पोइतों मों घीउ के लुचुइया त दूध के जउरिया हो राम ॥४॥
सठिया कुटिय भात रिन्हितों मुँगिय दरी दलिया हो राम ॥
अहो रामा, मोरे प्रभु अइतें जेवनवाँ नयन भरी देखितों हो राम ॥५॥

होइतों मैं घर के लउँड़िया घर ही बीच रहितों हो राम ॥
अहो रामा, मोर प्रभू अइतें सेजरिया त सेजिया बिछइतों हो राम ॥६॥

कुल मर्य्यादा से जकड़ी हुई प्रेम से विकल विरहिणी की कितनी स्वाभाविक कल्पना है। पति मिलन की उत्कण्ठा कितनी गहरी है। यह कल्पना परिस्थिति और समय के अनुकूल होते हुए भी कितनी तीव्र है। संस्कृत और हिन्दी तथा अन्य भाषा के कवियों ने भी इस भाव को लेकर अनेक कवितायें की हैं। रसखान ने इसी भाव को लेकर कहा है:—

मानुष हौं तो वहीं रसखानि, बसौं ब्रज गोकुल गाँव के ग्वारन।
जौ पसु हौं तो कहा बसु मेरो, चरौंनित नन्द की धेनु मँझारन ॥
पाहन हौं तो वही गिरि कौ, जो धरयौ कर छत्र पुरन्दर धारन।
जो खग हौं तो बसेरो करौं, मिलि कालिन्दी कूल कदम्ब की डारन ॥

संस्कृत के किसी कवि ने कहा है :—

कदा वृन्दारण्ये विमल यमुना तीर पुलिने,
चरंतं श्री कृष्णं हलधर सुदामादि सहितं।
अये कृष्ण स्वामिन् मदन मुरलीवादन विभो!
प्रसीदेत्याक्रोशं निमिषमिव नेष्यामि दिवसान् ॥

लेकिन इन उद्धरणों में तीव्र अभिलाषा पाण्डित्य चातुरी के साथ प्रकट की गई है। इससे कुछ कृत्रिमता अवश्य आ गई है पर इस गीत में तो वही बातें व्यक्त हैं जिनको अपनी सूनी घड़ियों में, उन्मीलित नेत्रों से लोक लाज कुल मर्य्यादा की शिकंजा में जकड़ी हुई विरहिणी पति की चिंता के समय सोच रही है। "पूर्वी हवा की गति इतनी मंद है, कि कहीं सींक भी नहीं हिल रही है। हमारे प्रभु विदेश गये किस तरह अपने हृदय को समझाऊँ। उगलिओं से माँग बनाऊँगी। आँखों में काजल लगाऊंगी। प्रेम की बातों से प्यारे को सम्बोधित करूंगी और हृदय की कसक मिटाऊंगी, जैसे कि वे घर पर ही हों। मैं जल की मछली होती तो जल में ही रहती और जब हमारे प्रियतम स्नान करने आते तो उनके चरणों को चूम लेती। उस घर की गृहिणी होती जहाँ हमारे प्रभु विदेश में ठहरे होते तो मैं साठी धान कूट कर भात और मूँग दलकर दाल बनाती

औह मेरे प्रभु जब जेवनार करने आते तो उनको आखें भर देख लेती। मैं उस घर की लौंड़ी होती तो मैं अपने घर न जाकर किसी बहाने उसी घर के बीच रह जाती और जब हमारे प्रभु शयन गृह में आते तो मैं तुरंत सेज बिछा देती। पाठक ! अपढ़ कवियित्री की इस विरहानुभूति का अनुभव करें और महा कवि देव की उस घनाक्षरी के पाण्डित्य पर ध्यान दें जिसमें उन्होंने छत्तीसों सञ्चारी कह सुनाया है जिसका अन्तिम चरण "तबहीं सो देव बाल बकति बिकानी सी" है इसमें जो स्वाभाविकता है वह मेरे विचार में तो न संस्कृत के उक्त श्लोक में है न रसखान की ऊपर की सवैया में है और न महा कवि देव की इस घनाचरी में ही है।

(२२)

सभकें त पकई लें पुरिया कुँअर के जऊरिया ए राम।
ओही रे रसोइया बिख भइलें त कुँअर विदेस गइलें हो ॥१॥
सासु मोर बोलेलीं बिरहिया त केकर कमइया खइबू ए राम।
ससुरु के जनमल लखन देवरू उनके कमइया खइबों हो ॥२॥
उहो देवरू दिहलें जवबिया जे हमरो बिअहिया बाड़ी ए राम।
काँख तर लीहलीं लुगरिया त बाबा देसवाँ चलि भइलीं हो ॥३॥
सभवा बइठल तुहूँ बाबा ! त बिपतलि धियरिया हउबे ए राम।
टूटलि मड़इया हम के दी तो त बिपती गँवइतीं नु हो ॥४॥
टुटही मँड़इया बेटी टुटि गइली जाहु न मयरिया आगे ए राम ॥
आमा ! फटही लुगरिया हमके देहू त बिपति गँवइतीं नु हो ॥५॥
फटहीं लुगरिया बेटी फाटि गइली जाहु न भईया आगे ए राम ॥
भइया ! बीता एक जगहिया हमके देत न बिपती गँवइतीं नु हो ॥६॥
बीता एक जगहिया जोताइ गइली जाहु बहिनि भउजी आगे ए राम।
भउजी ! पछिली टिकरिया हमके देतू त बिपति गँवइतीं नु हो ॥७॥
जवन टिकरिया ननदी तुहें देबों से हो मोर लइका खइहें ए राम।
जवने डगरिया तुहूँ अइलू तवने धरि चलि जाहु नु हो ॥८॥
एक बने गइलीं दूसर बने तीसरें त ठाढ़ भईली ए राम।

बन में से निकसे बघिनिया त मोर जियरा भखि लेहु हो ॥९॥
जवने डगरिया तुहूँ अइलू तवने धइले चलि जा ए राम।
तोरे बिरहा के दगलि जे देहिया मों भखि के का पाइबि हो ॥१०॥
बरहे बरिस मोर हरि अइले गहना चुनरिया लेले ए राम।
पहिरि ओढ़िय धनि रोवे लगलीं पिया बोलें चल नइहरवा नु हो ॥
आगि लागे पियवा हो ओहि नइहरवा विपति केहु ना सहाइ ए राम ॥११

विरहिणी अपनी सखी से कह रही है— 'मैंने सब के लिये पूरी बनाई पर कुँअर के लिये पूरी के साथ (चुपके से) खीर भी पका ली थी। पर हा! वह रसोई भी मेरे लिये विष तुल्य हो गई क्योंकि मेरे प्रिय बिना खाये ही विदेश चले गये' ॥१॥

मेरी सास ताने मारती है। कहती है यहाँ किसकी कमाई खाओगी। मैंने धीरे से कहा—मेरे ही ससुर के पैदा हुए लखनलाल देवर हैं। मैं उनकी ही कमाई खाऊँगी ॥२॥

परन्तु हा! उस देवर ने भी अपने ऊपर मेरा भार लेना अस्वीकार कर दिया और उसने कहा—हमारी भी ब्याही स्त्री है। हा राम! (तब विवश होकर) मैं अपनी लुगरी (फटी साड़ी) बगल में लेकर अपने बाबा के देश (मायके) चल पड़ी ॥३॥

मैंने कहा—सभा में बैठे मेरे पूज्य पिता। मैं विपत्ति की मारी हुई (यहाँ बिपतल शब्द ध्यान देने योग्य है। लप्रत्यय लगा कर विपत्ति से बिपतल बना है अर्थात विपत्ति की मारी हुई) तुम्हारी कन्या हूँ। वह टूटी फूटी कुटिया मुझे दे देते तो उसमें रहकर मैं अपनी विपत्ति बिताती ॥४॥

पिता ने कहा—हे बेटी! मेरी वह टूटी कुटिया टूट गई। तुम अपनी माता के पास जाओ। स्त्री ने अपनी मा के पास जाकर कहा—हे मा। मुझे अपनी फटी लुगरी देती तो मैं अपनी विपत्ति के दिन काट लेती ॥५॥

माता ने कहा—हे बेटी! मेरी फटी साड़ी अब बिलकुल फट गई। वह मेरे पास न रही। तुम अपने भाई के पास जाओ। वह अपने भाई के पास जा कर बोली—हे भाई! यदि तुम मुझे एक बीता जगह दे देते तो मैं अपनी

विपत्ति के दिन बिता लेती ॥६॥

भाई ने तुरत जवाब दिया—हे बहन ! वह एक बीता ज़मीन जो तुम्हें दूँगा उसे जुतवा कर स्वयं मैं खेती कराऊँगा। तुम अपनी भावज के पास जाओ। स्त्री ने अपनी भावज के पास जाकर कहा—हे भौजी ! मुझे अपनी रसोई से पिछली टिकरी (वह छोटी रोटी जो अन्त में बचे परथन की सानकर पका ली जाती है) यदि तुम दे देती तो मैं अपने दुर्दिन बिता लेती ॥७॥

भावज ने उत्तर दिया—हे ननद। जिस टिकरी को मैं तुम्हें दूँगी उसे मैं अपने बच्चों को खिलाऊँगी। तुम जिस मार्ग से आई हो उसी मार्ग से अपने घर चली जाओ ॥८॥

माता पिता और भाई सबने साफ साफ कहते संकोच माना अतः सब अपने पास से दूसरे के पास उसे भेजते रहे। किसी से साफ कहते नहीं बना। पर भावज ने उसे साफ साफ उत्तर देकर वापिस जाने को कहा। जिस क्रम से वार्ता हुई है उससे ज्ञात होता है कि पुत्र वधू का ही घर में एकाधिपत्य था।

स्त्री ने एक वन में प्रवेश किया, दूसरे को पार किया और अन्त में तीसरे वन में जाकर खड़ी हो गई। वन में से बाघिन निकली और उसे सम्बोधन करके उसने कहा—हे बाघिन तू मुझे मार कर खा लो ॥९॥

बाघिन ने कहा—'हे स्त्री ! तुम जिस मार्ग से आई हो उसी से वापिस जाओ। विरह से जले तुम्हारे शरीर को भक्षण करके मैं क्या पाऊँगी' ॥१०॥

हे सखी ! बारह वर्ष पर मेरे हरि जी जब लौटे तब मेरे लिये गहना और चूनर लाये। मैं जब गहना और चूनर पहन कर खड़ी हुई तब हे सखी ! मैं रोने लगी। पति ने कहा—हे धनि ! तुमको यहाँ अकेले दुख मालूम होता है। चलो तुम्हें तुम्हारे मायके से घुमा लाऊँ। स्त्री ने कहा—हे प्रियतम ! उस मायके में आग लगे। मैं वहाँ नहीं जाऊँगी। विपति का साथी कोई नहीं होता ॥११॥

पति के न रहने पर हिन्दू समाज में स्त्री की कैसी दयनीय दशा हो जाती है यह इस गीत से स्पष्ट है। पुरुष कवि इसकी कल्पना ही भर कर

सकता है पर स्त्री कवियित्री ने तो सब अनुभव कर अपना उद्‌गार प्रगट किया है। पति के विदेश जाने पर सास का ताना मारना और पूछना कि किसकी कमाई खायेगी और बहू का यह उत्तर देना कि स्वसुर के पैदा किए छोटे देवर तो हैं ही उन्ही की कमाई खाऊंगी; फिर देवर का भी जवाब यह कह कर दे देना कि अब उसकी भी स्त्री है और इसके बाद मायके और बन के वर्णन कितने स्वाभाविक और करुण हैं। कवियित्री अन्त में अतिशयोक्ति कहने में भी हिन्दी और उर्दू कवियों से पीछे नहीं रही है। उसके इस विरह वर्णन में ज़ौक और शंकर की अतिशयोक्ति की शोखी भले ही न हो परंतु उसके हृदय की सादगी और सीधापन तथा कल्पना की सुकुमारता कम सुंदर और कम रसोत्पादक नहीं है। देखिये ज़ौक साहब कहते हैं:—

क्या नज़ाकत है कि आरिज़ उनके नीले पड़ गये।
हमने तो बोसा लिया था ख़्वाब में तस्वीर का ॥

ज़ौक

नाथूराम शंकर जी कहते हैं:—

"शंकर नदी नद नदीसन के नीरन की
भाप बन अम्बर तें ऊँची चढ़ जायगी।
दोनों ध्रुव छोरन लौं पल में पिघल कर
घूम घूम धरनी धुरी सो बढ़ जायगी ॥
झारेंगे अँगार ये तरनि तारे तारापति
जारेंगे खमण्डल में आग मढ़ जायगी।
काहू विधि विधि की बनावट बचैगी नाहि
जो पै वा वियोगिनी की आह कढ़ जायगी ॥"

'शंकर"

(२३)

ननदी भउजिया खेलेली सुपेलिया नू रे की।
आ रे भउजी बोलेली बिरहिया नु रे की।
अरे इहे रे चलनिया डोम घर जइबू नू रे की ॥१॥

एतना बचन ननदी सुनहू ना पवली नू रे की।
ननदी चलि भइली गिरिह धवरोहर नू रे की ॥२॥
आरे होत कोई परभू जी के मितवा नू रे की।
बेगे खबरिया पहुँचाइत नू रे की ॥३॥
गलिया त गलिया फिरेला डोमवा नू रे की।
हम तोहरे परभू जी के मितवा नू रे की ॥४॥
बेगि खबरिया पहुँचइबों नू रे की।
तोहरे त बाड़े रानी माटी धवरोहर नू रे की।
हमरे त बाड़े ईंट धवरोहर नू रे की ॥५॥
आपन गहनवा काढ़ि बान्हि लेउ नू रे की।
रानी पोखरा के पिंड़िया चलि आवहु नू रे की ॥६॥
एक बने गइली दूसरे बने गइली नू रे की।
आरे भेंट भइली गउवाँ चरवहवा नू रे की ॥७॥
सुनहु न मोर भइया गोरू चरवहवा नू रे की।
भैया! कहाँ बाटे डोम धवरहर नू रे की ॥८॥
मो तोसे कहिला रनियाँ ये रनियाँ नू रे की।
रनियाँ इहे हउए डोम धवरहर नू रे की ॥९॥
गइली जे रनियाँ अँगना बीच ठाढ़ भइली नू रे की।
आरे बइठे के बाँस के छिलकवा नू रे की ॥१०॥
मैं तोसे पूछेलों डोमवा नू रे की।
डोमवा कहाँ पवले अइसन रनियवाँ नू रे की ॥११॥
पहिरू न रनियाँ रे दूनो कान तरिवन नू रे की।
बेचि आउ सुपवा सुपेलिया नू रे की ॥१२॥
पुरुब बेचिहे रनियाँ पच्छिम बेचिहे नू रे की।
हरदी नगरिया मति बेचिहे नू रे की ॥१३॥
पुरुब छोड़ली रानी पच्छिमो नू रे की।
रानी चलि भइली हरदी नगरिया नू रे की ॥१४॥

गलिया के गलिया फिरेली डोमिनियाँ नू रे की ।
केहू लिहीं सुपवा मउनियाँ नू रे की ॥१५॥
अपने महलिया चढ़ि रजवा निरखे नू रे की ।
हम लेबों सुपवा मउनिया नू रे की ॥१६॥
ठीकहिं मोलवा बतइहे डोमिनया नू रे की ।
ठीके ठीके मोलवा बताइब रजवा नू रे की ॥१७॥
मउनी के मोल ननदि जी के फुलवा नू रे की ।
सुपली के मोल राजा हाथ के रुमलिया नू रे की ॥१८॥
एतना बचन राजा सुनहि ना पवले नू रे की ।
आरे डोमवा के धई लेइ आवहु नू रे की ॥१९॥
आइल डोमवाँ देहरिया चढ़ि बइठल नू रे की ।
आरे नइ नइ करेला सलमिया नू रे की ॥२०॥
ठीकहिं ठीक बतलइहे डोमवाँ नू रे की ।
हमरे हीं जोग रानी बाड़ी नू रे की ॥२१॥
ठीके ठीक बतलइबों राजा जी नू रे की ।
रउरे जोग रानी नाहीं बाड़ी नू रे की ॥२२॥
जूठ मोर खइली पीठि लागि सुतली नू रे की ।
राजा रउरे जोगे रानी नाहीं बाड़ी नू रे की ॥२३॥
एतना बचन राजा सुनही न पवले नू रे की ।
आरे डोमिनि धइ के मँगवले नू रे की ॥२४॥
अइली डोमिनिया अँगन बिच बइठलि नू रे की ।
ठीके ठीके बतिया बतइहे डोमिनिया नू रे की ॥२५॥
हमरे लायक रानी बाड़ी नू रे की ।
ठीक ठीक बतलइबों राजा जी हो नू रे की ।
राजा रउरे जोगे रानी बाड़ी हो नू रे की ॥२६॥
जूठ नाहीं खइलीं हो पीठि लागि नाहीं सुतली नू रे की ।
राजा रउरे जोग रानी बाड़ीं नू रे की ॥२७॥

जउँ तुहूँ रनियाँ रे जूठ नाहीं खइलू नू रे की।
रनिया हमरे आगे देहुन परीछवा नू रे की ॥२८॥
जउँ तुहूँ अगिया सत के होइह नू रे की।
आगि तिल नाहीं जरे मोर देहियाँ नू रे की ॥२६॥
लहकल अगिया तलफत करहिया नू रे की।
आइ ताही बीच ठाढ़ि सती रनियाँ नू रे की ॥३०॥
गाँव के बाहर रजवा पोखरा खनवले नू रे की।
आरे ताही बिच डोम भठाअवले नू रे की ॥३१॥

ननद भौजाई दोनों सुपली मौनी खेल रही हैं। भावज ने ननद के विरह को लक्ष्य करके ताना मारा। कहा हे ननद! इस चाल चलन से तुम डोम के घर जाओगी ॥१॥

इतना व्यंग सुनते ही ननद ऊपर छत वाले घर में रुष्ट हो कर चली गई ॥२॥

वहाँ से उसने पुकार कर कहा—अरे! मेरे प्रभुजी का कोई मित्र होता तो वहाँ उनके पास मेरा सन्देशा पहुँचाता ॥३॥

गली गली डोम फिरता है। उसने कहा—मैं तुम्हारे प्रभुजी का मित्र हूँ। हे रानी! मैं शीघ्र वहाँ खबर पहुँचा दूँगा। तुम्हारा धौरहर तो माँटी का बना है। मेरे पास तो पक्की ईंट का धौरहर है ॥४,५॥

तुम अपना गहना निकालकर बाँध लो और तालाब के पास आओ ॥६॥

(प्रिय मिलन की उत्कण्ठा में ननद डोम के बहकावे में आ गई। वह घर से निकल पड़ी।) वह डोम के साथ एक बन में गई। फिर दूसरे वन में पहुँची। वहाँ गाँव के चरवाहे से उसकी भेंट हुई। उससे उसने पूछा—हे भाई उस डोम का धौरहर कहाँ है? ॥७,८॥

चरवाहे ने कहा—हे रानी! मैं कहता हूँ सुनो। यही डोम का धौरहर है ॥६॥

रानी घर के भीतर प्रवेश करके बीच आँगन में खड़ी हुई तो वहाँ

उसको बैठने के लिये बाँस के छिलके मिले ॥१०॥

चरवाहे ने पूछा—अरे डोम ! मैं तुमसे पूछता हूँ तुम ऐसी रानी कहाँ पाये ?॥११॥

डोम ने कहा—हे रानी ! दोनों कानों में तुम तरिवन (तरकी) पहन लो और सुपली मौनी ले जाकर बेच लाओ । पूर्व दिशा में बेचना, पश्चिम दिशा भी जाकर बेचना, परन्तु हरदी नगर में जाकर मत बेचना ॥१२,१३॥

रानी न पूर्व गई और न पश्चिम ही गई । वह सीधे हरदी नगर को चली गई । वहाँ डोमिन गली गली घूम कर कहने लगी—कोई सूप और मौनी (बाँस की छोटी चँगेली) लेगा ? ॥१४,१५॥

अपने महल के ऊपर चढ़ कर राजा ने उस डोमिन को देखा और कहा—अरे ! मैं सुपली मौनी लूँगा ॥१६॥

डोमिन से राजा ने कहा—हे डोमिन ! तुम ठीक ठीक कीमत बताना । डोमिन ने उत्तर दिया—हे राजा ! मैं ठीक ठीक दाम बताऊँगी । मौनी का मोल तो ननद जी की कुरती है और सूप की कीमत राजा के हाथ की रूमाल है ॥१७,१८॥

इतनी बात सुनते ही अपनी स्त्री को पहचान कर राजा ने कहा—अरे डोम को कोई पकड़ तो लाओ ॥१९॥

डोम आया । वह देहरी पर चढ़ कर बैठा और झुक झुक कर सलाम करने लगा ॥२०॥

राजा ने कहा—हे डोम ठीक ठीक बताना कि मेरे योग्य यह मेरी रानी है कि नहीं ॥२१॥

डोम ने कहा—हे राजा मैं ठीक ठीक बताऊँगा । आपके स्वीकार करने योग्य रानी अब नहीं हैं । इन्होंने मेरा जूठन खाया है और मेरी पीठ से सटकर मेरे साथ शयन भी किया है ॥२२,२३॥

इतनी बात सुनते ही राजा ने कहा—अरे ! डोमिन को तो कोई पकड़ लाओ । डोमिन आई और आँगन के बीच जाकर बैठी । राजा ने कहा—री डोमिन ! सच्ची सच्ची बात बताना । मेरे स्वीकार करने योग्य रानी

हैं न ? ॥२४,२५॥

डोमिन ने कहा—हे राजा ! मैं ठीक ठीक बताऊँगी झूठ नहीं बोलूँगी। आपके स्वीकार करने योग्य रानी हैं। इन्होंने न जूठन ही खाया और न मेरे स्वामी डोम के साथ शयन ही किया। हे राजा ! तुम्हारे योग्य रानी हैं ॥२६,२७॥

राजा ने कहा—अच्छा ! हे रानी !! तुमने यदि डोम का जूठन नहीं खाया है तो मेरे सामने परीक्षा दो ॥२८॥

रानी ने अग्नि को सम्बोधन करके कहा—हे अग्निदेव ! अगर तुम सत के अग्निदेव होगे तो मेरा शरीर तिलमात्र भी नहीं जलेगा ॥२९॥

यह कह कर जब रानी ने अग्नि में प्रवेश किया—तो धधकती हुई आग ठंडी पड़ गई और उसके बीच में सती रानी बिना जले खड़ी चमकती रही ॥३०॥

गाँव के बाहर राजा ने आँवा (गहरा गड्ढा) खुदवाया और उसी में डोम को जीते ही गड़वा दिया ॥३१॥

खोल कर अपने प्रियतम से मिलो। समझ लो जिस दिन कंत असन्तुष्ट होंगे उस दिन तुम्हारे कण्ठ से वाणी नहीं निकलेगी ॥६॥

मुख से जब वाणी नहीं निकलेगी तब तुम द्वार द्वार पर भ्रमित रहोगी और तब कहाँ कूप खनाओगी, जब तुम्हारे छप्पर में आग लग जायेगी। हे सखी! कार्तिक आ गया अर्थात् तीसरा पन बीत गया। तुम्हारा कुशल तभी है जब पिया को जानो और भजो। जब प्रियतम को जानोगी और उनका भजन करोगी तब युग युग तुम रानी रहोगी और फिर तुम्हारा वियोग कभी नहीं होगा ॥७॥

युग युग की रानी बन कर भी प्रियतम को हृदय से सम्पूर्ण न जानकर और दूसरे को ध्यान में लाकर री! बावरी!! तू अपने हित के सारे खेत को भूलकर अपना बीज ऊसर में डालती हो। हे सखी! अब जब अगहन आया अर्थात् चौथा पन शुरू हुआ तब तुम उत्तर देती हो कि मैं अबला स्त्री की अवतार हूँ। मुझसे इस कठिन-कुटिल संसार में कुछ करते धरते नहीं बनता ॥८॥

यह संसार कुटिल है जीव भले ही चला जाय यौवन भी नष्ट हो जाय। मुझसे कुछ यत्न करते नहीं बनता। जब हमारे कंत हमें अपनावेंगे तो वे स्वयं ही बिना किसी प्रयत्न के मेरे घर वैसे ही चले आवेंगे। पूस मास आया है। शीत परम प्रिय आनन्द उत्पन्न करके पलट आया और इस नगर रूपी देही के घर घर के सब दुसह दुःख को मिटा गया ॥९॥

हे सखी! प्रियतम ने मुझसे भेंट किया मेरे दुख नष्ट हो गये। मैं अपने सभी फन्दों से छूट गई। प्रियतम से पुलक पुलक कर बार बार मिलतीं और अपने परिवार का मंगल गाती हूँ। माघ मास आ गया। मैं प्रसन्न मन हूँ। मेरा सुहाग दिन दिन क्षण क्षण बढ़ रहा है। मेरे मायके का भ्रम मिट गया। ससुराल का डर भी अब नहीं लगता ॥१०॥

हे सखी! सुनो अब मुझको ससुराल का डर उसी तरह नहीं लगता मानो रंक राजा हो गया हो। मैं अपने स्वामी से गले मिलकर और उनकी बाँह पकड़ कर कलि के सारे विष को जीत गई। फागुन मास आया। अमृत फल फल गया और पात रूपी सब दुःख झड़ गये। रात दिन हृदय ऐसा मग्न

रहता है कि सुख कहा नहीं जाता है ॥११॥

हे सखी ! मुझसे उस महा मूर्ति के दर्शन सुख का वर्णन नहीं किया जाता जहाँ मैं अपनी सुरति को ठहराती हूँ। धरनी दास कहते हैं कि मैं इन विमल बारह मासों के गुणों को सुनकर आज बारह मासा गा रहा हूँ।

यह सन्त कवि धरनीदास जी का रचा हुआ ३०० वर्ष पूर्व का बारह मासा है। पाठक इसकी विचार प्रौढ़ता और वर्णन शैली पर विचार करें। कितनी सुन्दर रहस्यानुभूति है।

(२)

चइत अजोधिया में जनमें राम, चनन लिपवलों सगरो धाम।
सुबरन कलसा धइलों भराइ, सब रहि गइले धइले धाम॥
आरे पठवली बइरन केकई बनवा बालक मोर ॥१॥
बइसाख मास रितु भीखम घाम, पवन चलंत जइसे बरिसत आग।
जइसे जल बिनु तड़पेले मीन, पिआसल होइहें लखन रघुबीर॥
आरे कवनेरे बिरिछ तरे। ई दुख दीहली केकई। पठवली० ॥२॥
जेठ मास लूह लागेला अंग, राम लखन बन सीता संग।
हरि के चरनवा कमल समान, धधकेली धरती अवरू असमान॥
धरत होइहें पग कइसे राम। पठवली० ॥३॥
असाढ़ मास घन गरजेला घोर, चहके चिरइयाँ कुहुँकेला मोर।
कलपेंली कोसिला अवधपुर धाम, बन भीजें मोरा लछुमन राम॥
कवना रे बिरिछ तरे। पठवली बइरन० ॥४॥
सावन मास सरग साधेला तीर, गूँजेले भँवरा फिरेले भुजंग।
ठाढ़ि कोसिला अवधपुर धाम, बनवाँ भीजें मोरे लछमन राम॥
झमकि झरी बरिसेले। पठवली बइरन० ॥५॥
भादों मेघवा गिरेले अपार, घर बइठले सगर संसार।
बड़े बड़े बुँदिया बरसत नीर, भीजत होइहें श्री रघुबीर॥
रएनि अँधिअरिया। पठवली० ॥६॥
अइले ए सखि ! मास कुआर। धरम करेला सगरो संसार।

आजु जो होते अजोधिया में राम। नेवततीं बाम्हन देतीं दान।
भरि भरि थरिया मोती। पठअली० ॥७॥

कातिक मास सखि! आवेली दिवारी घर घर दिअवा लेसेली नर नारी।
मोर अजोधिया परल अँधियारी सब सखियाँ मिलि गंगा नहाली॥
रहीं अब कइसे! बन मोर बलका पठवली बइरनि केकई ॥८॥

अगहन करेलनि कुँअर सिंगार। सिआवहिं बसतर सोने के तार।
पाट पटम्मर कुलही के मानि। माथे चीरा जड़ल कलीदार॥
गरवा बैजन्ती के हार। पठवली बइरन केकई० ॥९॥

पूस मास सखि! परेला टुसार। रएनि चले जइसे खरग के धार।
बिनु ओढ़ना मोरे लछुमन राम। कलपे कोसिला अजोधियाधाम॥
कइसे करीं मोर जनम जरि गइले। पठवली० ॥१०॥

माघ मास रितु होखे बसन्त। सूत बिदेस तन तजि गइले कंत।
बइठल भरत डोलावसु चँवर, जो आजु होतें मोरा लछुमन राम॥
जनम के जोड़ी। पठवली ॥११॥

फागुन रंग खेलेले सब कोई। अइसन रितु मैं गववलीं रोई॥
बइठल भरत जी घोरें अबीर। का पर छिरकों बिना रघुबीर॥
देली दुख केकई। पठवली ॥१२॥

कौशल्या विलाप करती हैं :—

चैत मास में राम ने अयोध्या में जन्म लिया था। मैंने चन्दन से सारा राज भवन लिपवाया था। स्वर्ण कलश भरवा कर रखवाया था। हाय, कैकेयी वैरिन ने मेरे बालकों को बन भेज दिया ॥१॥

वैसाख में भीषण घाम होता है। ऐसी लूह चलती है जैसे आग बरस रही हो। जिस तरह जल के बिना मछली तड़पती है वैसे ही बन में बिना जल के राम लछमण प्यासे किस वृक्ष के नीचे तड़पते होंगे? हाय, कैकेयी बैरिन ने मुझे यह दुःख दिया। उसने मेरे बालकों को बन में भेज दिया ॥२॥

अरे, जेठ मास में लूह चल रही है। और राम और लछमण सीता के साथ बन में हैं। राम के चरण कमल समान कोमल हैं और पृथ्वी और आस-

मान दोनों अग्नि की तरह जल रहे हैं। हाय, राम किस तरह से चलते होंगे? ओह! कैकेयी बैरिन ने मेरे लड़कों को बन भेज दिया ॥३॥

आषाढ़ मास में मेघ जोर से गरजता है। चिड़ियाँ चहकती हैं और मोर बोलता है। पर हाय, मैं कौशल्या, इस अवधपुरी धाम में कलप रही हूँ? हाय, मेरे लछमण राम वन में किस वृक्ष के नीचे भीगते होंगे। बैरिन कैकेयी ने मेरे बालकों को वन भेज दिया ॥४॥

सावन मास आकाश तीर साध साध कर पृथ्वी पर छोड़ रहा है। अर्थात् घोर मूसला धार पानी बरस रहा है। (पानी का भौंरा) पानी पर खूब गूँज रहा है और पृथ्वी पर सर्वत्र सर्पराज भ्रमण करते हैं। पर हाय, समय के इस दुर्दिन में राम को छोड़कर मैं कौशल्या यहाँ इस अयोध्या धाम में खड़ी हूँ और वन में मेरे राम लछमण भीग रहे हैं? हाय, झम झम कर पानी बरस रहा है। बैरिन कैकेयी ने मेरे लड़कों को बन भेज दिया ॥५॥

भादों में अपार जल पड़ता है। सारा संसार अपने अपने घर में इस समय बैठा हुआ है। बड़ी बड़ी बूँदों में मेघ बरस रहा है। हाय, कहीं श्रीरामचन्द्र जी भीग रहे होंगे? हाय, इस पर यह रात्रि कितनी अँधेरी है? बैरिन कैकेयी ने मेरे पुत्रों को वन भेज दिया ॥६॥

हे सखी? कुआर मास आया। इस मास में सारा संसार धर्म करता है। अगर आज राम अयोध्या में होते तो मैं भी ब्राह्मणों को निमंत्रण देती। और थाल भर भर कर मोती दान करती। हा! कैकेयी बैरिन ने मेरे बच्चों को बन भेज दिया ॥७॥

हे सखी, कार्तिक मास में दीपावली आई। घर घर में नर नारी दीप जला रहे हैं। पर मेरी अयोध्या आज अँधेरी पड़ी हुई है। सब सखियाँ मिल जुलकर गंगा स्नान करतीं हैं। यह देख कर मन व्याकुल हो उठता है। हाय अब किस तरह से रहूँ? बैरिन कैकेयी ने राम लछमण को वन भेज दिया ॥८॥

अगहन मास में कुंअर श्रृङ्गार करते हैं। स्वर्णतार जड़ित वस्त्र अर्थात् जरतारी के वस्त्र सिलाते हैं। पाट पाटम्बर ही कुल की मर्यादा है। अर्थात् जाड़े

में पाटपाटम्बर से कुल की मर्यादा ज्ञात होती है। माथ पर पगड़ी हो और शरीर पर कलीदार अंगा हो और गले में वैजयन्ती हार हो। पर हाय (हमारे यहाँ तो कोई पहनने वाला है ही नहीं) कैकेयी बैरिन ने बच्चों को बन में भेज दिया ॥९॥

हे सखी! पूस मास में कड़ाके का जाड़ा पड़ता है। रात्रि में पश्चिमी पवन तलवार की धार ऐसा तेज और काटने वाला चलता है। मेरे लछमण और राम के पास कोई ओढ़ने का वस्त्र नहीं है। वे किस तरह इस जाड़े में रहते होंगे? अयोध्या धाम में कौशल्या यह सोच सोच कर दुखी हैं और कहती हैं हे सखी! अब कौन उपाय करूं? मेरा जीवन जल गया। बैरिन कैकेयी ने मेरे बच्चों को वन भेज दिया ॥१०॥

माघ मास बसन्त ऋतु का आगमन है। इसमें बसंत पंचमी मनाई जाती है। पर हमारा पुत्र तो विदेश में है और पति शरीर त्याग कर चल दिये। भरत जी बैठे बैठे (राम के खड़ाऊ पर) चँवर डुलाया करते हैं। हा! आज जो मेरे लछमण और राम की जीवन भर एक साथ रहने वाली जोड़ी (अवध) में होती? हाय, कैकेयी ने मेरे बालकों को वन में भेज दिया ॥११॥

फागुन मास में सब कोई रंग खेलता है। पर हा! ऐसे ऋतु को मैं रो रोकर गवाँ रही हूँ? भरत जी बैठे बैठे अबीर घोलते हैं और पूछते हैं कि बिना राम के मैं इसे किस पर डालूँ? हा यह वज्र दुःख कैकेयी बैरिन ने राम लछमण को बन भेज कर दिया ॥१२॥

बारह-मासा गीत की उपक्रमणिका में पं० रामनरेश त्रिपाठी ने लिखा है कि "दिहात के लोग बारहमासा का गाना और सुनना बहुत पसन्द करते हैं क्योंकि एक साथ ही वे बारह महीनों के सुख दुःख का स्रोत देखने लगते हैं, और उसके साथ अपने अनुभव को मिलाकर एक नवीन सुख का रस लेने लगते हैं।" पण्डित जी का कथन अक्षरशः उपर्युक्त गीत को सुनते या पढ़ते समय चरितार्थ होता है। इसमें कितनी चुस्तगी और साथ ही स्वाभाविकता और रस परिपाक है। इस गीत को गाये जाते सुनने पर हृदय कैसा रस के साथ बहने लगता है यह सुनने वाला ही अनुभव कर सकता है।

(३)

आली हो, बिनु साम सुन्नर सो कल ना परे हो ॥
पहिल मास लगलें कातिक आन, बिरह बिथा तन लागेलें बान ।
जिया मोरा तलफत निकसत प्रान, कवने विधि राखों पापी प्रान ०
से कल ना परे हो० ॥१॥

अइले हो सखि ! अगहन मास । का पर राखों जीवन आस ।
सूर स्याम बिन सून भइले धाम । बिनु पिया नीक न लागे काम ॥
से कल ना परे हो० ॥२॥

पूस मास पाला परेला टुसार । बिनु पिया जाड़ा जाइ ना हमार ।
लपटि केसे सोवों बिनु रघुवीर ! हनि हनि मोर करेजवा में तीर ॥
से कल ना परे हो० ॥३॥

माघ मास रितु लागे ला बसन्त ! आजुओ ना पवलों पिया तोर अंत ॥
लिखों कइसे पतिया के ले जाइ । के निरमोहिया के दिही समुझाइ ॥
से कल ना परे हो० ॥४॥

फागुन में सब घोरें अबीर । मैं कइसे घोरों बिना रघुबीर ।
जरत जइसे होरी उठत ओइ से लूक । बिरह अगिन तन दिहलें फूक ॥
से कल ना परे हो० ॥५॥

चइत मास बन फूलले फूल । हमारा बलमुआ गइले भूल ॥
ठाढ़ सरजू में मीजिले हाथ अइसन समैया पिया छोड़ले साथ ॥
से कल ना परे हो० ॥६॥

बइसाख मास गवना के बहार । दिन सब बीतेले ठाढ़े दुआर ॥
कब दोनीं अइहें न रहे मन धीर । रहि रहि उठेला करेजवा में पीर ॥
से कल ना परे हो० ॥७॥

जेठ मास बरसाइत होय । बर पूजे निकसी सखि सब कोय ।
हा ! सखि, कइके सोरहो सिंगार । मथवा के बेंदिया अजबबहार ॥
से कल ना परे हो० ॥८॥

अषाढ़ मास बड़ बरसत मेह । परले फफोरा सगरे देह ।

विरह तन जरले लगले लूक । बरखा के फुहिया देले तन फूँक ॥

से कल ना परे हो० ॥६॥

सावन मास में हरिअर रूख । हमार कँवल गइले बिनु पिया सूख ॥

झूली झुलुहा कइसे बिनु रघुबीर । तलफेला प्रान ना निकले तीर ॥

से कल ना परे हो० ॥१॥

भादों मास जल गरुअ गंभीर । हमरे नयन भरि अईले नीर ॥

जिया मोरा डूबे अवरू उतराय । नाव खेवैया परदेस में छाय ॥

से कल ना परे हो० ॥११॥

कुआर मास बन बोलेला मोर । उठु उठु गोरिया अइले बलमु तोर ॥

अइलनि पियवा पुजवलिन आस । एही से गवलीं बारह मास ॥

से कल ना० ॥१२॥

विरहिणी विलाप करती है । हे सखी ! बिना श्यामसुन्दर के कल नहीं पड़ रहा है । उनके प्रस्थान करने के बाद पहला मास कार्तिक का आया । हे आली ! उसमें विरह व्यथा के बाण शरीर में बेधने लगे । इससे कल नहीं पड़ता । ॥१॥

हे सखी फिर अगहन मास आया । अपने इस जीवन को आशा किस पर रखूँ ? सूरदास कहते हैं कि श्याम के बिना वह स्थान सूना सा हो रहा है । बिना प्रिय के कोई काम अच्छा नहीं लगता । इस लिये हे सखी ! किसी तरह कल नहीं पड़ता । ॥२॥

पूस मास में पाला और तुषार पड़ रहा है । बिना प्रियतम के मेरा जाड़ा नहीं जा रहा है । बिना रघुवीर के किससे लिपट कर सोऊँ ? तान तान कर बाण कलेजे में मदन मार रहा है । इससे हे सखी कल नहीं पड़ता ॥३॥

माघ मास ऋतु राज है इसमें वसन्त आरम्भ होता है । (वसंत पंचमी) हे प्रियतम ! पर आज भी तुम्हारा अंत मैं नहीं जान पाई मैं पत्र कैसे लिखूँ ? उसे कौन लेकर जायगा और कौन निर्मोही प्रियतम को समझा कर देगा ? सो हे सखी ! कल नहीं पड़ता ॥४॥

फागुन मास में सभी अबीर घोल रहे हैं । पर हाय ! बिना रघुवीर के मैं

अबीर कैसे घोलूँ ? होली की तरह जल रही हूँ ! भीतर लूह की तरह (विरह का झंझावात) उठ रहा है। हाय, विरहाग्नि ने मेरे शरीर को फूँक डाला। सो किसी तरह कल नहीं पड़ रहा है। ॥५॥

चैत मास में तमाम बन में फूल फूल रहे हैं। पर मेरे बालम इस मस्ती के मास में भी मुझे भूल गये। मैं खड़ी खड़ी सरयू में (चिन्तन करती हुई) हाथ मल रही हूँ। हाय ऐसे मस्ती के समय में प्रियतम ने साथ छोड़ दिया ! सो हे सखी किसी तरह कल नहीं पड़ता ॥६॥

वैशाख मास में सर्वत्र बधू ससुराल जा रही हैं। इसी की आज बहार है। पर मेरे सारे दिन प्रतीक्षा में दरवाजे पर खड़े खड़े बीत जाते हैं हा ! अब कौन ठिकाना है कि कब प्रियतम आवेंगे। अब मन में धैर्य भी तो नहीं रहा (कि आशा बनी रहे) रह रह कर हृदय पीड़ा उठ रही है। हे सखी सो कल नहीं पड़ रहा है। ॥७॥

आषाढ़ मास में मेघ बहुत बरसने लगा। सारे शरीर पर फफोले पड़ गये अर्थात् एक एक बूँद तप्त जल ऐसा शरीर पर लगता है और उससे सर्वत्र फफोले उठ गये हैं। हे सखी ! विरह ने लूह के ऐसा शरीर को भस्म कर दिया। इस वर्षा की फूहियाँ शान्ति देने के बजाय शरीर को ही फूँक रही हैं। सो कल पड़े तो कैसे पड़े ?।" ॥६॥

जेठ मास में तमाम वर गवना कराने के लिये आये हैं। वर पूजन के लिये सभी सखियाँ सोलहो शृङ्गार कर करके निकली हैं। उनके माथे पर वेंदी अजब शोभा देती है। सो हे सखी कल नहीं पड़ता, बिना श्याम सुन्दर के शान्ति नहीं मिलती ॥८॥

श्रावण मास में पेड़ हरे हो रहे हैं। पर मेरा कमल रूपी कलेजा प्रियतम के बिना सूख गया। मैं बिना रघुवीर के कैसे झूला झूलूँ ? मेरे प्राण तड़प रहे हैं पर मदन का तीर जो बिंध गया है निकल नहीं रहा है। सो कल नहीं पड़ रहा है। ॥१०॥

भादों का महीना बड़ा गम्भीर होता है। मेरी आँखों में आसू भर आये हैं। मेरे प्राण डूब और उतरा रहे हैं। मेरी नाव का खेने वाला विदेश में बसा

हुआ है। इससे कल नहीं पड़ रहा है।" ॥११॥

कुवार मास आया। वन में मोर बोलने लगे। हे गौरी, उठ देख तेरा पति आया है। प्रियतम आये। आशा पूरी हुई इसी से बारह मासा गा रही हूँ ॥१२॥

(४)

जेठ मास बाबा मोर बीअहलन असाढ़ बुनवा टपके ला रे।
सावन सैयाँ सेज सुतली भदउआँ देहि गरुआवेला रे॥
कुआर में गरभ जनइलन कातिक देहिआ धमके ला रे।
अगहन पिआ सुनि पवलनि मनहीं मनवा हुलसे ला रे।
पूसवा में उठलो ना जाला बइठलो ना जाला रे॥
मघवा बसन्त बनाई ला फागुन रंग घोरी ला रे॥
चइत में बबुआ जनमले बइसाख त छठिया जे पूजी ला रे॥

जेठ मास में मेरे पिता ने मेरा विवाह किया। आषाढ़ मास में बूंदे टपकने लगीं। श्रावण में पति की सेज पर सोई और भादों में देह भारी होने लगी। क्वार के महीने में गर्भ मालूम होने लगा। कार्तिक के महीने में कुछ कुछ ज्वर सा होने लगा। अगहन महीना में गर्भ की सूचना पति को मिली तो वे मन ही मन प्रसन्न होने लगे। पूस के महीने में उठना बैठना कठिन हो गया। माघ मास में वसन्त मनाया और फागुन में रंग घोल कर देवर के साथ होली खेली। चैत मास में बालक ने जन्म लिया और बैशाख में मैंने छठ व्रत किया।

(५)

कन्हैया नाहीं अइले, कन्हैया के ले आई।
सीतल चंदन अंग लगावति, कामिनि करत सिंगार।
जा दिन से मन मोहन बिछुरे, सनकै मास असार।
कन्हैया नाहीं० ॥१॥

एक त गोरिया अँगवा के पातरि, दुसरे पिया परदेस।
तिसरे मेह झमाझम बरसे, सावन अधिक अँदेस॥
कन्हैया नाहीं अइले० ॥२॥

भादों रएनि भयावनि ऊधो, गरजे अवरू घहराय।
लवका लवके ठनका ठनके, छतिया दरद उठि जाय।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥३॥
कुआरे कामिनि आस लगवली, जोहलीं पिया के बाट।
अबकी बेरि जो हरि मोर अइहें, हियरा के खुलिहें कपाट।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥४॥
कातिक पूरनमासी ऊधो, सब सखि गंगा नहायँ।
हम अस अबला परम सुनरिया, केहिके गोहनवाँ जायँ।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥५॥
अगहन ठाढ़ी अँगनवा ऊधो, चहु दिसि उपजल धान।
पिया बिनु करकेला मोर करेजवा, तनवां से निकसत प्रान।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥६॥
पूसहिं फुहिआ परि गइले ऊधो, भींजि गइले तन के चीर।
चकई चकवा बोली बोलेलनि, ओहि जमुना के तीर।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥७॥
माघ कड़ाका जाड़ा ऊधो, सब सखी रुअवा भरावें।
हमरो बलमुआ परदेसवा छवले, पिया बिनु जाड़ न जावे।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥८॥
फागुन फगुआ बीति गइल ऊधो, हरि नाहीं अइले मोर।
अबकी जब हरि मोर अइहें, रंग खेलबि झकझोर।
कन्हैया नाहीं अइले० ॥९॥
चैत फूले बन टेसुल ऊधो, भवँरा पइठि रस लेइ।
का भँवरा तू लोटा पोटा, काहे दरद मोहि देइ॥
कन्हैया नाहीं अइले० ॥१०॥
बैसाख बाँस कटइतों ऊधो, रचि रचि अटा छवइतीं।
तेहि चढ़ि सूततीं संग कन्हैया, अँचरन करितीं बयारि॥
कन्हैया नाहीं अइले० ॥११॥

जेठ तपे मृग डहिया ए ऊधो, धधके पवन हहराई।
अइले पियवा विद्यापति मिलले, जियरा के जरनि बुताई।
कन्हैया आजु० ॥१२॥

हे ऊधो जी, कृष्ण नहीं आये ? कृष्ण को लिवा लाइये।

कामिनि (अर्थात् राधा) शीतल चंदन अंग में लगाती हैं और तब श्रृङ्गार करती हैं ताकि श्रृंगार के करने से जो विरहाग्नि उत्पन्न हो वह शांत हो जाय (और श्रृङ्गार इसलिये करती हैं कि कृष्ण का स्मरण हो होकर विरहाग्नि प्रज्वलित हो। जिस दिन से मन मोहन बिछुड़े हैं उसी दिन से आषाढ़ महीना सनक गया अर्थात पागल हो गया है (खूब बरस रहा है।) कन्हैया नहीं आये उन्हें लिवा लाइये ॥१॥

एक तो गोरी योंही अंग की पतली है। दूसरे उसके प्रियतम परदेश में हैं। तीसरे झमाझम बादल बरस रहे हैं। सावन में उसके प्राण जाने का अधिक भय है। कन्हैया नहीं आये उन्हें लिवा लाइये ॥२॥

हे ऊधो जी भादों की भयानक रात गरजती है और घहराती है। बिजली चमकती है ठनका ठनकते हैं। मेरी छाती में पीड़ा उठ खड़ी होती है। कन्हैया नहीं आये। उन्हे लिवा लाइये ॥३॥

क्वार महीना में कामिनी आशा करके प्रियतम की बाट जोहती है। सोचती है कि इस बार जो मेरे प्रियतम आ जाँयगे तो मेरे हृदय के कपाट खुल जायँगे। पर हे उधव जी हरि नहीं आये। उनको लिवा लाइये ॥४॥

हे ऊधव, कार्तिक की पूर्णिमा को सब सखियाँ अपने अपने प्रियतम के साथ गंगा स्नान करती हैं। पर हाय, मैं परम सुन्दरी अबला किसके साथ स्नान करने जाऊँ ? कन्हैया नहीं आये उधव जी, जाइये उन्हें लिवा लाइये ॥५॥

अगहन महीना में मैं (प्रतीक्षा में) आँगन में खड़ी रहती हूँ। और चारों ओर धान के खेत लहलहा रहे हैं। हाय, प्रियतम के बिना मेरा कलेजा फटता जा रहा है। और शरीर से प्राण निकल रहे हैं। हे ऊधव कृष्ण नहीं आये। आप जाइये उन्हें लिवा लाइये ॥६॥

पूष में झींसी पड़ गयी। मेरे शरीर के वस्त्र भीग गये। और उधर

यमुना तीर चकवा चकई बोल रहे हैं। हे उधो कन्हैया नहीं आये जाकर लिवा लाइये ॥७॥

माघ महीना में कड़ाके का जाड़ा पड़ता है। सब सखियाँ रजाई में रुई भरा रही हैं। पर हमारे प्रियतम परदेश में जाकर बस रहे हैं। बिना उनके जाड़ नहीं जाता है। उधो जी कन्हैया नहीं आये जाकर लिवा आइये ॥८॥

हे ऊधो जी, फाल्गुन मास में फाग बीत गया, पर तब भी मेरे हरि नहीं आये। अबकी बार जो हमारे हरि आवेंगे तो खूब धूम धाम से रंग खेलूँगी। उधो जी हरि नहीं आये जाकर लिवा लाइये ॥९॥

हे उधो, चैत में टेसू (पलाश) वन वन में फूल रहा है। और भौंरे उन फूलों में पैठ पैठ कर रस पान कर रहे हैं। अरे मस्त भ्रमर तू पुष्प पराग से धूल धूसरित हो पृथ्वी पर क्या लोट पोट रहा है। अरे निष्ठुर मुझे क्यों प्रियतम का स्मरण करा करा कर हृदय में पीड़ा उत्पन्न कर रहा है। हे ऊधो कन्हैया नहीं आये। जाओ लिवा लाओ ॥१०॥

हे ऊधो बैसाख मास में (यदि प्रियतम पास होते तो) मैं बाँस कटवाती और छत पर रच रच कर सुन्दर छप्पर छवाती और उस अटारी पर उस छप्पर में कृष्ण जी के साथ सोती और अंचल डुला डुला कर उनको हवा करती। हे उधो कन्हैया नहीं आये, जाकर उन्हे लिवा लाओ ॥११॥

हे ऊधो, जेठ महीना में मृगदाह नक्षत्र अत्यन्त तपता है। बन की हवा हहरा हहरा कर बहती है। उस महीना में प्रियतम आये और विद्यापति कहते हैं कि विरहिणी से मिल गये और उसके हृदय की जलन मिट गयी ॥१२॥

(६)

भोर में कातिक परेला जाड़।
मोहि छोड़ि कन्ता भइले बनिजार ॥
मोना झुलबि हो ॥१॥

अगहन मास जे पहिली सनेह।
चलु गोरिया नैहर अपना गेह।
पान फूलले कापड़ चीन्ह।

कन्त बिछोह दई दुख दीन्ह ॥
मोना झुलबि हो ॥३॥

पूस मास पिया बरत तोहार ।
मैं बरती पाचों अतवार ॥
नहाइ धोइ के दीहीं असीस ।
जीअहु कन्त तू लाख बरीस ॥
मोना झुलबि हो ॥४॥

माघ मास घन परेला तुसार ।
काँपे हाथ अवरु थर थर गात ॥
काँपहू सेज तुरंगहि खाट ।
मों नाहीं जइहों तू सब जाव ॥
मोना झुलबि हो ॥५॥

फागुन मास बहे फगुनी बयारि ।
तरवर पात सबहिं झरि जाँय ॥
जो में जनितिउँ फगुनी बहार ।
हरि जी के रखितिउँ नैन छिपाय ॥
मोना झुलबि हो ॥५॥

चैत मास बन फूलले टेसु ।
गोरिया पठवली पिया के सनेसु ॥
सूनि सनेस पिया अजहूं न आय ।
ई दुनो नैना रोय गवाँय ॥
मोना झुलबि हो ॥६॥

बइसाख मास सब मंगल चार ।
अनिहनि गवना विअहिहनि बारि ॥
छइहन माड़ो गइहन गीत ।
कन्त के पंथ जोहत मोहि बीत ॥
मोना झुलबि हो ॥७॥

जेठ मास वर साइत होय।
बर पूजन निकसीं सब लोय ॥
अँगुरी से अधरा कजरवा क रेख;
फिरि फिरि कन्त मोर मुख देख ॥
मोना झुलवि हो ॥८॥

असाढ़ मास असाढ़ी जोग।
घर घर मंदिर सजें सब लोग ॥
चिरई चिरँगुल खोता लगाय।
हमरा बलमु परदेस में छाय ॥
मोना झुलवि हो ॥९॥

सावन मास सखि अधिक सनेह।
पिय बिनु भूलेउँ देह ओ गेह ॥
पहिरलीं कुसुमी उतरलीं चीर।
पिया बिनु सोहे न माँग सेनूर ॥
मोना झुलवि हो ॥१०॥

भादो मास जल गहिर गँभीर।
दामिनि दमके धारे न धीर ॥
ठनका ठनके मेह घहराय।
सेज छाड़ि धनी रोइ गवाँय ॥
मोना झुलवि हो ॥११॥

कुवार मास बन बोलेला मोर।
आउ आउ गोरिया बलमु अइले तोर ॥
अइले बलमुआ पुजली आस ॥
पूरल 'विदापति' बारह मास ॥
मोना झुलवि हो ॥१२॥

अर्थ सरल है। यह गीत विशुद्ध भोजपुरी रूप में न लिख कर पंडित रामनरेश त्रिपाठी जी ने अपनी कविता कौमुदी में हिन्दी मिश्रित भाषा का

प्रयोग किया है। सम्भव है वह उन्हें वैसा ही मिला हो और युक्त प्रांत के मध्य के किसी जिले से यह उन्हें मिला हो जहाँ इसका विकृत रूप वैसा हो गया हो। त्रिपाठी जी इसे मैथिल कोकिल 'विद्यापति' जी द्वारा प्रणीत नहीं मानते। इसका प्रमाण भी नहीं देते। पर विद्यापति जी के कई अन्य गाने भी मुझे भोजपुरी के मिले हैं। और विद्यापति जी का भोजपुरी भाषी प्रदेश में रहना भी सिद्ध है। इससे भोजपुरी में उनका कहना स्वाभाविक ही मालूम होता है खास कर तब जब सूर और मीरा के गीत जो भोजपुर प्रान्त से सुदूर के थे मिलते हैं। विद्यापति जी तो मिथिला में रहते थे काव्य भी उनका मैथिली में है जो भोजपुरी की सगी बहन है।

(७)

प्रथम मास असार हृ हे सखि ! साजि चलेला जलधार हो ॥
उमड़ि घुमड़ि मेह बरसन लागे भीजि गइली लामी केस हो ॥
एहि प्रीति कारन सेत बान्हल सिया उदेसे श्रीराम हो ॥१॥
सावन हे सखि ! सब्द सुहावन रिमिझिम बरसेले बूँद हो ॥
सब के बलमुआ रामा घर घुमि अइले हमरो बलमु परदेस हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥२॥
भादो हे सखि ! रएनि भयावनि दूजे अन्हरिया राति हो।
मलकाजे मारे रामा ठनका जे ठनके, सेहु देखि जिअरा डेराय हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥३॥
आसिन हे सखि ! आस लगवलीं आस न पूरले हमार हो।
आस जे पूरले रामा कुबरी सवति केरा जिनके त राखेली लोभाय हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥४॥
कातिक हे सखि ! पूरन महीना सब करें गंगा असनान हो ॥
सब सखि पहिने रामा पट हे पितम्बर हम धनि गुदरी पूरान हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥६॥
अगहन हे सखि ! अंग सोहावन चहुं दिसि उपजल धान हो ॥

चकवा चकइया रामा केलि करतु हैं से देखि जिया हुलसाय हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥६॥

पूस हे सखि ! ओस परि गइली भीजि गइली लामी केस हो ॥
चोलिया जे भीजे रामा काट कटरवा केरा जोबन भीजेला अनमोल हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥७॥

माघ हे सखि ! आए बसन्त ऋतु ओरहि गइली जाड़ अब सेस हो ॥
सब सखि सूते रामा-अपना बलमू संगे हमरा बलमू परदेस हो ॥
एहि प्रीति कारन सेतु० ॥८॥

हे सखी ! प्रथम मास आषाढ़ में जल की धारें सज सज कर बह रही हैं। उमड़ घुमड़ करके मेह बरसने लगे और मेरे लम्बे लम्बे केश भीग गये। हे सखी, इसी प्रेम के कारण श्रीरामचन्द्र जी ने समुद्र में सेतु बाँधा था ॥१॥

हे सखी ! सावन महीना में रिमझिम रिमझिम मेघ बरसता है। इस मास का शब्द सुहावना है। हे राम, सब किसी के प्रियतम परदेश से घूमकर घर चले आए पर मेरे बालम अभी तक परदेश में पड़े हैं ॥ इसी प्रेम के कारण श्रीरामचन्द्र जी ने सीता के उद्देश से समुद्र में पुल बाँधा था ॥२॥

भादों महीना में, हे सखी, ऐसे ही निशा भयावनी होती है फिर ऊपर से यह अँधियारी और हृदय कंपा रही है। अरे राम ! मेरी आँखें कैसी चमक उठती हैं जैसे यह बिजली गरजती और चमकती है। इसको देख देख हृदय कैसा डर जाता है। इसी प्रेम के कारण रामचन्द्र जी ने सीता को प्राप्त करने के उद्देश से समुद्र में सेतु बांधा था ॥३॥

आश्विन महीना में, हे सखी ! आशा थी प्रियतम मिलेंगे। पर वह मेरी आशा पूरी नहीं हुई। परन्तु कूबरी सौत की आशा अवश्य पूरी हुई जिसने मेरे कंत को लुभा रखा है। इसी प्रेम के कारण हे सखी ! रामचन्द्र ने सीता को प्राप्त करने के लिए समुद्र में सेतु बाँधा था ॥४॥

हे सखि ! कार्तिक मास पूर्ण महीना है। सब सखियां गंगा स्नान करती हैं सब साथी रेशमी वस्त्र पहन रहीं है पर हा मैं पुरानी गूदरी पहने हूँ। इसी प्रेम के लिए श्री रामचन्द्र जी ने सीता के लिए समुद्र में सेतु बांधा था ॥५॥

अगहन मास है सखि आगे ही से सुहावना मालूम हो रहा है। चारों ओर धान उपजा हुआ है। चकवा चकई केलि कर रहे हैं। उसको देखकर हृदय हुलसा करता है। इसी प्रीति के लिए रामचन्द्रजी ने समुद्र में पुल बाँधा था ॥६॥

पूस में हे सखि। ओस पड़ने लगी। उससे मेरे लम्बे लम्बे केश भीग गये और विभिन्न काट कटाव की मेरी चोली भी भीगने लगी तथा भीगने लगे मेरे अनमोल जोबन। इसी प्रीति के लिये श्रीरामचन्द्रजी ने सेतु, सीता के उद्देश से बांधा था ॥७॥

माघ महीना में, हे सखि, बसन्त का शुभागमन् हुआ और जाड़े के दिन भी इसी साथ समाप्त हुए। सब सखियां अपने प्रियतम के साथ सो रही हैं पर हमारे प्यारे बालम! विदेश में पड़े हैं। इसी प्रीति के लिए हे सखि! श्रीरामचन्द्र जी ने समुद्र में सेतु बाँधा था ॥८॥

इस गीत के अन्त के शेष चार मासों के वर्णन वाले चरण नहीं मिले। हजारीबाग जेल में यह गीत हजारी बाग के एक वालंटिअर से प्राप्त हुआ था। शेष चरण उसे स्मरण नहीं थे। पर इस गीत की पदावली और चन्द क्रियाओं के प्रयोग जैसे 'गइलो अइलो' इत्यादि से इस गीत के कर्ता विद्यापति जी मालूम होते हैं।

(८)

एहि पार गंगा राम ओहि पार जमुना, बीचे कदमिया के गाँछ जी ॥
ओहि गाँछ ऊपर कागा बोले, बोले बिरहिया के बोल जी ॥१॥
गाई के गोबर पिअरी माटी, सीता जे महल लिपावहीं ॥
ओही महल भीतर सासु सोवें, बहुअरि बेनिया डोलावहीं ॥२॥
सासु! हो दुख केसे कहों, राऊर बेटा परदेस जी ॥
खरच मागत तड़पि बोले, बोले बिरहिया के बोल जी ॥३॥
गाई के गोबर पीअरी माटी, सीता जे महल लिपावहीं ॥
ओही महल भीतर गोतिनी सोवे, बहुअरि बेनिया डोलावहीं ॥४॥
गोतिनी! हो दुःख केसे कहों, राऊर देवर परदेस जी ॥

खरच मागत तड़पि बोले, बोले बिरहिया के बोल जी ॥५॥
गाई के गोबर पीअरी माटी, सीता जे महल लिपावहीं ॥
ओही महल भीतर ननद सोवें, बहुअरि बेनिया डोलावहीं ॥६॥
ननदी हो दुख कासे कहों, राउर भइया परदेस जी ॥
खरच मागत तड़पि बोले, बोले बिरहिया के बोल जी ॥७॥

हे राम, इस पार गंगा और उस पार यमुना हैं और बीच में कदम्ब का पेड़ है। उसी कदम्ब के वृक्ष पर काग विरह की बोली बोल रहा है ॥१॥

गाय के गोबर और मिट्टी से सीता का महल लीपा गया है और उसी महल के भीतर सास शयन करती हैं और बहू उनको पंखा झल रही है। पंखा झलते झलते उसने कहा, 'हे सास! मैं अपना दुख किससे कहूँ? आपका पुत्र परदेश है। जब मैं अपने लिये खरचा माँगती हूँ तो डाँट कर जवाब दे देता है और ऊपर से यह काग विरह की बोली बोल रहा है ॥२,३॥

पर इस पर सास ने जब कुछ ध्यान नहीं दिया तब बहू ने इसी तरह (४ से ७ तक के चरणों में) आँगन महल लीप कर जेठानी से तथा ननद से क्रम से यही बातें पंखा झल कर कहा पर किसी ने कुछ सुनवाई नहीं की। इस गीत से पता चलता है कि नवागता बहू का सम्मिलित परिवार में पति के विदेश रहने पर कितना दुख पूर्ण जीवन बीतता है। घर भर की सेवा करना, खाना पीना भी वैसे ही और ऊपर से दो पैसे हाथ पर भी नहीं मिलते कि कुछ अपना निजी काम चले। विरह कष्ट इसके अलावे सताता रहता है।

(९)

एहि पार गंगा रामा ओहि पार जमुना, बीचे कदम केरा गांछ जी ॥
गाछ ऊपर कागा बोले बोले बिरहिया के बोल जी ॥१॥
चिलमा चढ़वइत रामा जरली चिटुकिया, जरि गइले कवल करेज रे ॥
कागा हो तोके दूध भात देबों, सोनवा मढ़इबों दूनो ठोर रे ॥२॥
जाइ के बोलहु कागा पिया जी के देसवा, बोल बिरहिया के बोल जी ॥
सावन कंत बिदेस छवले, कइसे के धारे धनिया धीर जी ॥३॥

विरहिणी भोजन कर के चिलम चढ़ा रही थी कि इसी बीच काग बोल

उठा। उसे पति स्मरण हो आया और चुटकी जल गयी। साथ ही कलेजा भी विरह अग्नि से झुलस उठा। वह विलाप करने लगी।

इस पार गंगा हैं और उस पार यमुना बह रही हैं। बीच में कदम्ब का एक पेड़ है। उस वृक्ष पर काग विरह की बोली बोल रहा है। (उस बोली को सुनकर) चिलम चढ़ाते चढ़ाते मेरी चुटकी जल गयी और जल गया कमल रूपी कलेजा। हे काग, मैं तुमको दूध भात दूँगी और तुम्हारे दोनों ठोर सोने से मढ़वा दूँगी। तुम पिया के देश जाकर बोलो और यही विरह की बोली बोलो। कहना कि सावन के महीने में कन्त विदेश छाये हैं उनकी स्त्री किस तरह धैर्य धारण करे ?

कितनी सुन्दर विरह व्यथा कही गयी है। इसको जब सावन मास में झूले पर स्त्रियाँ उच्च स्वर में हृदय के आवेग के साथ गाती हैं तो हृदय में विरहिणी और उसकी वेदना के रूप सामने खड़े हो जाते हैं। इस गीत को मैं ने अपनी पूजनीया माता जी से झूला पर अपनी आठ दश वर्ष की अवस्था में सुना है। उस समय माता जी जब अन्य स्त्रियों के साथ चलते झूले पर पञ्चम स्वर में इसे गाती थीं तो भी इसके स्वर ने मेरे हृदय में जैसी मीठी चोट की थी वह आज भी मुझे स्मरण है। गीत कुछ लम्बा है पर मुझे इतना ही स्मरण था। पाठक इतने ही से सन्तोष करें इसमें भी अन्य बारहमासे के समान बारहोमास का वर्णन अवश्य रहा होगा।

(१०)

बहेले बयारि पुरवइया ये सजनी कइसिन सुनुगेला आगि जी।
चिलम चढ़वइत जरली चुटुकिया जरि गइले कवल करेज जी ॥१॥
आगि लगावों रामा कोइरी कोड़रिया जरिजा तमकुआ के खेत जी,
चिलमा चढ़वइत जरली चुटुकिया, जरि गइले कँवल करेज जी ॥२॥
केई कहेला बेटी नित उठि बोलइबों केई कहेला छव मास जी।
केई कहेला बहिनी काजे परोजवें, केई कहेला दुरि जाहु जी ॥३॥
अम्मा कहेली बेटी नित उठि बोलइबों, बाबा कहेले छव मास जी।
भइया कहेले बहिनी काजे परोजवें, भउजी कहेली दुरि जाहु जी ॥४॥

किया तोर भउजी रे नून तेल ढरलों, किया रे कोठिलवा पेहान जी।
किया तोर भउजी रे भैया लाई जोरलों काहे कहेलू दूरि जाहु जी ॥५॥
नाहीं मोर ननदी नून तेल ढरलू नाही रे कोठिलवा पेहान जी।
नाहीं मोर ननदी भइया लाई जोरलू, ओठवे कारन दूरि जाहु जी ॥६॥
केई जे देला राम अन धन सोनवा, केईं जे लहरा पटोर जी।
केई जे देला रामा चढ़न के घोड़वा, केईं महुरवा के गाँठि जी ॥७॥
अम्मा जे देली राम अन धन सोनवाँ, बाबा जे लहरा पटोर जी।
भइया देलें रामा चढ़न के घोड़वा, भउजी महुरवा के गाँठ जी ॥८॥
अम्मा के सोनवा राम उठि पठि जइहें, फाटि जइहें लहरा पटोर जी।
भइया जे घोड़वा रामा नगर कुदइहें, भउजी अपजश हाथ जी ॥९॥

पूर्वी हवा बह रही है। हे सखी! उपली में धीरे धीरे आग सुलग रही है। चिलम चढ़ाते हुए मेरी चुटकी जल गयी। अर्थात् पूर्वी पवन के बहने से प्रियतम का ध्यान हो आया जिससे चुटकी जल गयी, साथ ही विरह ताप से कलेजा भी जल गया। हे राम, कोइरी (मुराई) कोड़ार (तरकारी बोनेवाला खेत) में आग लगे, और उसके तम्बाकू के खेत जल जायँ जिसके कारण चिलम चढ़ाते समय मेरी चुटकी जल गयी। और जल गया विरह व्यथा से कमल समान मेरा हृदय ॥१,२॥

कौन कहता है कि मैं कन्या को नित्य ही बुलाऊँगा और छः मास पर उसे बुलाने की बात कौन कहता है? और कौन ऐसा कहता है कि बहन को काज परोजन पर ही बुलाऊँगा और कौन यह कहता है कि नहीं उसे दूर ही रहने दो? ॥३॥

मेरी मा कहती है कि बेटी को नित्य ही बुलाऊँगी। पिता जी कहते हैं कि नहीं उसे छठे छमास बुला लिया करूँगा। पर मेरे भाई जी कहते हैं कि हे बहन मैं तुम्हें त्योहारों पर बुला लिया करूँगा। और भावज कहती है कि नहीं तुम दूर हो जाओ ॥४॥

ननद ने भावज से कहा—हे भावज, मैंने आप का क्या नमक तेल चुराया था आपके भंडार की देहरी खोलकर अन्न निकाला अथवा आप के स्वामी

से मैंने कभी आप की शिकायत की जो आप मुझे दूर जाने के लिए कह रही हैं ? ॥५॥

भावज ने कहा, हे ननद तुमने नमक तेल नहीं निकाला, न देहरी से अन्न ही चुराया और न अपने भाई से मेरी शिकायत ही कभी की। मैं तुमको केवल तुम्हारी कड़ी जबान के कारण ही दूर जाने के लिए कह रही हूँ ॥६॥

मुझको किसने अन्न धन और स्वर्ण दिये ? किसने सम्पत्ति सौभाग्य की वस्तु और रेशमी वस्त्र दिये ? किसने चढ़नेको घोड़ा दिया और किसने विष की गाँठ बाँधकर साथ भेजा ? ॥७॥

मा ने अन्न धन और स्वर्ण दिये। पिता ने लहरा पटोर दिया। भाई ने चढ़ने के लिये घोड़ा दिया और भावज ने विष की गाँठ दी। मा का सोना खर्च हो जायगा, लहरा पटोर भी फट जायगा और भ्राता के दिये हुये घोड़े को प्रियतम चढ़कर नगर में कुदावेंगे; पर भावज जी के हाथ केवल अपयश ही रह जायगा क्योंकि उसकी विष की गाँठ मेरा प्राणान्त करेगी ॥८,९॥

(११)

असों के सवना सइआँ घरे रहु, घरे रहीं ननदी के भाय ॥
साँप छोड़े ला साँप केचुल हो, गंगा छोड़ेली अरार।
रजवा छोड़े ला गृह आपन हो, घरे रहीं ननदी के भाय ॥१॥
घोड़वा के देबों महेलवा त हथिया लवँगिया के डार।
रउरा के प्रभु देबों घीव खीचड़िया, घरे रहीं ननदी के भाय ॥२॥
नाहीं घोड़ा खइहें महेलवा, हाथी ना लवँगिया के डाढ़ि ॥
नाहीं हम खइबों घीव खिचड़िया, नैया बरधी लदबों बिदेस ॥३॥
नैया बहि जइहें मँझधरवा, बरधि चोर लेइ जइहें रे।
तोहि प्रभु मरिहें घटवरवा, घरे रहीं ननदी के भाय ॥४॥
नैया मोर जइहें धीरहिं धीरे, बरधी न चोर लेइ जइहें रे।
तोहिं धनि बेचबों मुगलवा हाथे करबों में दूसर बिआह ॥५॥

हे स्वामी, हे मेरी ननद के भाई, इस वर्ष के सावन में आप घर पर ही

रहो। अरे साँप अपना केंचुल छोड़ रहा है, गंगा अपना किनारा छोड़ रही हैं हे राजा, आप अपना गृह छोड़ रहे हैं ? अरे ननद जी के भाई आप इस सावन में घर रहें। मैं आपके घोड़े को महेला खिलाऊँगी, हाथी को लवँग की डाल कटवा कर खाने को दूंगी। और हे मेरे प्रभु आपको घी और खिचड़ी भोजने के लिए दूंगी। हे ननद जी के भाई घर ही पर रहिये (विदेश न जाइये) ॥१,२॥

स्वामी ने कहा, हमारे हाथी लवँग की डार नहीं खायेंगे। घोड़ों को महेला नहीं रुचेगा और मुझे भी घी खिचड़ी पसन्द नहीं। मैं नाव और बरधी विदेश के लिए लादूँगा ॥३॥

स्त्री ने कहा, आपकी नाव गंगा की भीषण बीच धार में बह जायगी। बरसात में बरधी को चोर चुरा लेंगे और हे प्रभु, आपको भी घटवार (घाट पर रहने वाले मल्लाह चोर) मार डालेंगे। इसलिये इस सावन में आप घर रहें ॥४॥

पति ने कहा, अरे मेरी नाव धीरे धीरे जायगी और बरधी को चोर नहीं चुराने पावेंगे। हे धनि, मैं तुमको मुगल के हाथ बेच दूँगा और अपना दूसरा व्याह करूँगा ॥५॥

निष्ठुर व्यवसायी पति ने अपनी स्त्री की एक बात न सुनी बल्कि अन्त में उसे बेचकर दूसरा विवाह करने का भी भय दिखाया। जान पड़ता है कभी प्रचुर धन देकर मुगल स्त्रियों को खरीदते भी थे।

(१२)

एही देसवा मोर जनम बीति गइलो, केहु नाहीं लावे पिया के
खबरिया। सन्तो हो ॥

आइल मास असाढ़ आस मोरा लागल रे की।
गगन घटा मेघ बरीसन लगले भींजि गइली चुनरी बिरह उर जागे ॥
सन्तो हो ॥ यही देसवा० ॥२॥

सावन सुरतिया लगवलीं पिया के कइसे पाइबि रे की।

भादवँ मास रएनि अँधिआरी, गुरु बिना भ्रम लागल उर भारी।
सन्तो हो। यही देसवा० ॥२॥
कब मिलिहें पति मोर नयन भरि देखबि रे की।
कवन जतनिया हम लाईं ए सजनी, आसिन मास बीति गइली रजनी॥
सन्तो हो०। यही देसवा० ॥३॥
फूल कमल कुम्भिलइले भँवरवा डरि भागल रे की।
विरहा लागि सखी भीजे अँगिया कासे कहों केहू न पूछे बतियाँ।
सन्तो हो। यही देसवा० ॥४॥
कन्ता रहे परदेस कातिक निअराइल रे की।
भरि भरि नीर नयन भरि आवे, सब सुख सखी मोरा मनहुँ न भावे।
सन्तो हो। यही देसवा० ॥५॥

इसी देश में मेरा जीवन बीत गया। कोई प्रियतम का सन्देश नहीं लाता।

आषाढ़ का महीना आया। मेरी आशा प्रियतम मिलने की लगी थी। गगन मंडल में घटा उमड़ आई। मेघ बरसने लगे। मेरी चूनर भीग गई। हृदय में विरहाग्नि उत्पन्न हो गई। हे सन्तो कोई प्रिय का सन्देश नहीं लाता। इसी देश में मेरा जीवन बीत गया॥१॥

सावन में ध्यान लगाये थी कि अपने प्रियतम को अवश्य पाऊँगी। भादों के महीना में भयानक अँधेरी रात में मार्ग प्रदर्शक गुरु के बिना हृदय में बड़ा भ्रम उठ रहा था। हे सन्तो इसी देश में आयु बीती चली जा रही है कोई प्रियतम का सन्देश नहीं लाता॥२॥

हा! मेरे प्रियतम मुझे कब मिलेंगे? मैं कब उनको आँख भर कर देखूँगी? हे सखी! मैं कौन यत्न करूँ? आश्विन मास की रजनी भी तो ऐसे ही बीत गयी। हा! इसी देश में मेरा जीवन बीत गया। हे सन्तो! कोई प्रियतम का सन्देश नहीं लाता॥३॥

कमल का फूल कुम्भला गया। भँवरा डर कर भाग गया। विरह लगने से अँगिया भीग रही है। हाय, मैं किससे विरह व्यथा कहूँ? मेरी बात कोई

नहीं पूछता ! हा ! इसी देश में जीवन बीत गया, कोई प्रियतम का सन्देश नहीं देता ॥४॥

कातिक निकट आ गया। प्रियतम अभी तक परदेश ही में हैं। आखों में रह रह कर नीर भर आते हैं। हे सखी सब सुख है पर एक भी मेरे मन को नहीं भाता। हे सन्तो ! कोई प्रियतम का सन्देश नहीं लाता। मेरा जीवन इसी देश में बीत गया ॥५॥

इस गीत के भी सात मास के सात चरण मुझे नहीं मिले। उनमें अवश्य कबीर साहब का नाम होगा। यह उन्हीं की रचना ज्ञात होती है।

(१३)

कवन उपाय करों मोरी आली स्याम भइले कूबरी बस जाई ॥
चइत मास मोंहि मदन सतावे बइसाख देव दुखदाई,
जेठ मास तन तपत घाम में कह वृष भान दुलारी ॥१॥
कवन उपाय करों० ॥

चढ़त असाढ़ नभ घेरि अइले बदरा, सावन मास बहे पुरवाई।
भादों अगम डगरिया ना सूझे, जल से भरि गइले ताल तलाई ॥२॥
आसिन मास सरद रितु आइल, कातिक में सखी लेली रजाई।
अगहन अधिक कलेस स्याम बिनु, नैहर से हम सासुर आई ॥३॥
पूस मास सखि परत तुसारी, माघ पिया बिनु जाड़ न जाई।
फागुन का संग रंग हम खेलबि, सूर स्याम बिना जदुराई ॥४॥ कवन०

अर्थ साफ और सरल है।

(१४)

मास अषाढ़ गगन घन गरजे ले, सब सखि छान्हि छवाई।
हम बऊरी पिया बिनु डोलउँ, सूने मंदिल बिनु साईं ॥१॥
सावन मेघ बरसे मोरी सजनी, कोइलि कुहुक सुनाई।
हम बऊरइलीं पिया बिनु व्याकुल, तलफत रएन बिताई ॥२॥
भादँव गरुअ गँभीर सखी हो, करिया घटा नभ छाई।
चमकेला बिजुली घोर घन गरजे, सूनी सेज पिया नाहीं ॥३॥

कुआर मास सब हिलि मिलि सखियाँ, झूले माँगन आईं।
हमरे बलमु परदेस बिलमि रहले, उन बिना कुछु ना सोहाई ॥४॥
कातिक घर घर सब सखि मिलि के रचि रचि भवन बनाई।
हम पापिन प्रीतम बिना सजनी, रोइ रोइ दिनवाँ बिताई ॥५॥
अगहन अगम सनेह सबे सखी, पिया सँगे गवना जाईं।
देखि देखि मोरा बिहरेला करेजवा, पिया बिना जिया अकुलाई ॥६॥
पूस मास परदेस पिअरवा, आवन के सुधि नाहीं।
काइ करी कत जाईं सखी हो, कवन बैरनि बिलमाई ॥७॥
माघ तुसार परे लगले सजनी, कन्ता ना पाती पठाई।
अइसन निपट कठोर पिअरवा, निपटे सुधि बिसराई ॥८॥
फागुन मास आस सब टूटल, जोगिन बनि के धाईं।
गएब नगरिया के गलियन गलियन, पिया पिया सोर मचाई ॥९॥
चइत चित्त चिन्ता अति बाढ़ल, तन मन भसम चढ़ाई।
निस बासर हम राह जोहत रहीं, नयनन नीर झरि लाई ॥१०॥
बइसाख मास बंसी धुनि सजनी, मन कत तलफ मचाई।
बिरह सरपवा डसेला मोरे हियरा, तन मन सब बउराई ॥११॥
जेठहिं जब ई गति भइल सजनी, निरखि परल एक झाईं।
सुनवा मँदिल एक मूरति दरसल, देखते जियरा जुड़ाई ॥

आषाढ़ मास में गगन में घन गरजने लगे और सब सखियाँ अपना अपना छप्पर छवाने लगीं। परन्तु हा! मैं पगली प्रियतम के बिना पागल बनी इधर उधर डोलती फिरी। मेरा मंदिर बिना साँईं के शून्य पड़ा रहा ॥१॥

अरी सजनी! इस श्रावण मास में मेघ जोर जोर से बरसने लगा और उसी में कोयल अपनी कूक भी सुनाने लगी। मैं प्रियतम के बिना व्याकुल होकर पागल बन गयी। और तलफ तलफ कर तप तप करके रात बिताने लगी ॥२॥

हे सखी! यह भादों मास गम्भीर और बोझ सा मालूम हो रहा है। तमाम आकाश में काले काले बादल छा रहे हैं। बिजली चमकती है और घनी

घटा गर्जन कर रही है। पर हा! मेरे प्रियतम नहीं हैं। मेरी सेज सूनी है ||३||

इस कुआर मास में सब सखियाँ हिल मिल करके झूला मेरे पास माँगने के लिये आईं। पर हा! मेरे बालम तो परदेश में बिलम रहे। उनके बिना मुझे कुछ भी नहीं सुहाता है ||४||

कार्तिक मास में सब सखियाँ मिल मिल करके अपना अपना घर लीप पोत कर (दिवाली के लिये) सुन्दर बना रही हैं। लेकिन सखी! मैं पापिन प्रियतम के बिना रो रोकर दिवस बिता रही हूँ ||५||

इस अगहन मास में सभी सखियों के मन में पहले से प्रेम उमड़ा हुआ है। सब अपने अपने प्रियतम के साथ गवन जा रही हैं। यह देख देख कर अरे मेरे भीतर से विरह उमड़ रहा है प्रिय के बिना हृदय अकुला उठा है ||६||

इस पूस मास में भी प्यारा परदेश ही में रहा। घर आने का मानो उसे कोई विचार ही नहीं हो रहा है। हे सखी! अब मैं क्या करूँ? कहाँ जाऊँ? किस बैरिन ने मेरे प्रियतम को बिलमा लिया? ||७||

हे सजनी! इस माघ में तो तुषार गिरने लगा और कन्त ने एक पाती तक नहीं भेजा! हा! ऐसा अत्यन्त कठोर प्यारा है कि उसने मेरी सुधि बिलकुल ही भुला दी ||८||

हा! इस फागुन मास में मेरी सभी आशायें टूट गईं। निराशा में योगिन का रूप धारण करके सर्वत्र दौड़ने लगी और अपरिचित नगर की गली गली पिया पिया का शोर मचाने लगी ||९||

इस चैत मास में प्रिय मिलन की चिन्ता इतनी बढ़ी कि मैंने शरीर और मन दोनों पर भस्म चढ़ाया और रातों दिन प्रियतम के आने की प्रतीक्षा में नेत्रों से आंसू की झड़ी लगाये रही ||१०||

इस बैशाख मास में हे सखी! प्रियतम की वंशी की धुनि की स्मृति ने मन में कितनी तड़पन उत्पन्न कर दी। हा! विरह रूपी सर्प ने मेरे हृदय को डँस दिया। अब मेरा तन और मन बुद्धि हीन होकर नितान्त उन्मत्त हो गया ||११||

हे सजनी! जेठ मास में जब मेरी ऐसी दयनीय दशा हो गई तब प्रियतम की एक छाया सी झलक पड़ी। और हृदय के शून्य मन्दिर में एक मूर्ति का दर्शन मिला। अहा! उसे देखते ही जीव को शान्ति मिल गई ॥१२॥

पलटू दास जी का परिचय उनके सोहरों के उदाहरण के साथ दिया जा चुका है। प्रस्तुत बारह मासा उन्हीं का रचा है। इसमें कितने सुन्दर रूप से उन्होंने ईश्वर मिलन की गाथा गाई है। जब इतनी तल्लीनता हो तब कहीं ईश्वर की झलक मिले। अनुभूति कितनी सत्य और स्वाभाविक रूप से प्रगट हुई है। छायावाद का कितना सुन्दर नमूना है। यह गीत पलटू दास के प्रकाशित संग्रह में भी छपा है। पाठ भेद कुछ अवश्य है।

(१५)

सखी! मोरे पिया के खबरिया ना आइल हो।
चारि बेद के टाट बिछावल, तेहि पर कीने दुकनियाँ हो।
सत सेर मन परेम तरजुई, नाम के मारी ला टेनियाँ हो ॥१॥
सुरति सबद कइ बएल लदाइला, ज्ञान के लादीं लदनियाँ हो।
सहर जलाल पुर मूड़ मुँडवली, अवध तोरलीं कर धनियाँ हो।
पलटू दास सत गुरू बलिहारी, पवलीं भगति अमनियाँ हो ॥२॥

अरी सखी! आज तक मेरे प्रियतम की कोई खबर नहीं आई। चार वेदों का जो टाट (बिछावन विशेष) बिछा है उस पर आज तक मैं दुकान छानती चली आई और इस दुकानदारी में सत्य के सेर और मन के तराजू का प्रयोग कर प्रियतम के नाम की रट की टेनी (तौलते समय जो उँगली से दबा कर दुकानदार तराजू की डंडी को वजन में कम सामग्री तौलने के अभिप्राय से एक ओर दबा देता है उसी को भोजपुरी में टेनी मारना कहते हैं) भी खूब मारती रही ॥१॥

हे सखी! आज तक सुरति और शब्द (अनहद शब्द) की बरधी लादती रही और ज्ञान का व्यापार करती रही। जलालपुर शहर में मैंने मूँड़ मुड़ाया और अवध (अयोध्या) में अपनी करधनी तोड़ी। पलटू दास कहते हैं कि सत गुरु की बलिहारी है कि जिनकी कृपा से प्रीतम की अमनियाँ (माँज करके खूब

साँफ किये गये बर्तन या किसी वस्तु को अमनियाँ किया हुआ कहते हैं। उसी अर्थ में अमनियाँ का यहाँ भक्ति के साथ प्रयोग हुआ है) भक्ति अर्थात् निर्मल स्वच्छ भक्ति मिल गई। कितना सुन्दर अध्यात्म पक्ष में विरह वर्णन है।

अलचारी

'अलचारी' शब्द लाचारी का अपभ्रंश है। लाचारी का अर्थ विवशता आजिज़ी है। उर्दू शायरी में आजिज़ी पर खूब ग़ज़लें कही गयी हैं और आज भी कही जाती हैं। वास्तव में पहले पहल भोजपुरी में अलचारी गीत का प्रयोग केवल आजिज़ी विवशता के भावों के प्रदर्शन के लिये ही होता था। पर समय के दौरान में इस छन्द का प्रयोग अन्य भावों के लिए भी होने लगा।

(१)

चिठिया जे लिखी लिखी भेजेले सँवरिया,
मोर कन्हैया जी घरे चलि आवसु ना।
आरे सब केहु आवेला हथिया से घोड़वा,
मोर कन्हैया जी [1]सेवारे चढ़ि आवसु ना।
चिठिया जे लिखी लिखी भेजेले सँवरिया,
कान्हा घाटे घाटे नैया लेइ आवहु जी।
चिठिया जे लिखी लिखी भेजेले संवरिया,
कान्हा धीरे धीरे बंसिया बजावसु जी।
आरे बंसिया सबद सुनि उठे ले सँवरिया,
साँवरि धीरे धीरे जेवना बनावसु जी।
आरे जेवना जेवत कान्हा मने मुसकइले,
आरे लपटि धरेले मोर बहिंया जी ॥१॥

अर्थ साफ है। [1]सेवार=नाव।

(२)

बारहि बार तोहि बरजों मोर सामी,
से उतरी बनिजिया मति जइह मोरे सामी ॥

उतरी बनिजिया के उतरी बंगालिन ,
से रखिहें करेजवा लगाइ मोर सामी ॥
बारहिं बार तोहिं बरजो मोर सामी ,
से अनका सेजरिया मति जइह मोर सामी ॥
अनका सेजरिया जब जइब तू हूँ सामी ,
से उतरि जइहें तोहरा मुखवा के पानी[२]॥
हमरा सेजरिया जब अइब मोर सामी ,
से तू हूँ होइव रजवा हमहूँ पट रानी ॥१॥

अर्थ सरल है ।[२] उतरि जइहें मुखवा के पानी' = चेहरे का सौन्दर्य नष्ट हो जायगा । बनिजिया = बन प्रदेश । सेजरिया = शय्या ।

(३)

बारहि बार तोहिं बरजों मोर सामी, से झँझरी नैया जनि चढ़िह मोर सामी ।
झझँरी नैया जब चढ़लीं मोर सामी, से तर भइली नैया ऊपर भइले पानीं ॥
जब तर भइली नैया ऊपर भइले पानी, त मारि के डुबुकिया रउरा पार होइ जाईं ॥
मारि डुबुकिया रउरा पार होइ जांई, त केस रउरा झलके सेवारवा के नाईं ॥
केस राउर झलके सेवारवा के नाईं त दाँत रउरा चमके बिजुलिया के नाईं ॥
दाँत रउरा चमके बिजुलिया के नाईं, त बोल रउरा बोलीलाँ मयनवा के नाईं ॥
बोल रउरा बोलीला मयनवा के नाईं, से चाल रउरा चलींला फिरंगिया के नाईं ॥

हे स्वामी, मैं बार बार आपसे मना करती आई कि आप झंझरी नाव पर मत चढ़ना । पर आप नहीं माने । झंझरी नाव पर चढ़ ही गये । फल हुआ कि नाव नीचे डूब गई और पानी ऊपर भर गया । हे स्वामी, जब नाव डूब गई और पानी भर गया तब आप क्या देखते हैं । डूबकी मार तैर कर पार हो जाइये । आप जब डुबुकी मार तैर कर पार हो रहे थे तब आपका केश सेवार के ऐसा झलक रहा था और जब केश सेवार सदृश दीख रहा था तो दाँत की पंक्तियाँ बिजली की तरह चमक रहीं थी। एक ओर दाँत की पंक्तियाँ (मुख

खुलने पर) बिजली की तरह चमकती थीं तो दूसरी ओर आप मैना की तरह मीठी बोली बोल रहे थे। हे प्रियतम, आप मैना की तरह जहाँ मीठी बोली बोलते हो वहाँ फिरंगियों (अँग्रेजों) की तरह चाल भी शान से चलते हो।

नौका डूब जाने पर तैराक स्त्री स्वयं तैरती हुई और पति को साथ साथ तैराती हुई और उत्साह देती हुई किनारे आई। उसी समय का यह गीत है। इसका रचना काल अँग्रेजों के आगमन के बाद का ज्ञात होता है।

खेलवना

इस गीत में अधिकांश वात्सल्य प्रेम ही गाया जाता है। करुण रस के जो गीत मिले वे उद्धृत हैं। खेलवना से वास्तविक अर्थ है बच्चों को खेलने वाले गीत, पर अब इसका प्रयोग भी अलचारी की तरह अन्य भावों में भी होने लगा हैं।

(१)

सोने के खरउआं आवेले कवन साहि, अम्मा के दुआर भइले ठाढ़
मोरे ललना ॥
चलहु अम्मा रे हमरी महलिया हमरी बहुआ बेहाल बाड़ी ललना ॥
जाहु बबुआ रे अपनी महलिया दुलहिन के बोलिया खिआल बाड़ें ललना ॥
अब ना जीअबों ललना कि अपना ना जीअबों ॥१॥
सोने के खड़उआँ आवेले कवन साहि, ठाढ़ भइले भउजी के दुआर मोरे
ललना ॥
चलहु भउजी रे हमरी महलिया हमरी धनिया बेहाल बाड़ी ललना,
अब ना जिअबों, ललना, कि अब ना जीअबों० ॥
जाहु बबुआ हो अपनी महलियाँ दुलहिन के झगरा इआदि बाड़े ललना ॥
कि अब ना जिअबों, ललना, कि अब ना जिअबों० ॥२॥
सोने के खड़उआ अइले कवन साहि, ठाढ़ भइले बहिनी दुआर मोरे ललना ॥
चलहु न बहिनी रे हमरी महलिया, हमरा घरे रनिया बेहाल बाड़ी ललना ॥
कि अब ना जीअबों, ललना, अब ना० ॥

जाहु ना भइया रे अपनी महलिया भउजी के खुदुका इआदि बाड़े ललना।
इआदि बाड़े ललना कि अब ना० ॥३॥
सगरे नगरिया घूमि फिरि अइले ठाढ़ भइले धनि के दुआर मोरे ललना ॥
सगरी नगरिया धनि घूमि फिरि अइलीं केहु ना बाड़े तोहार मोरे ललना ॥
अबकी गरहवा से ऊपर होइबों सामी सासु जी के चइला ले कपार फोरबों
ललना ॥ कपार फोरबों ललना० ॥४॥
जी गइलीं, ललना, जुड़ाइ गइलीं, ललना, अबकी नोहकटिया से ऊपर होइबों
गोतिनी के झोंटा धइ लसार देबों ललना० ॥
अबकी बरहिया से ऊपर होइबों ननदी के छुरी लेके सीना फरबों ललना
सीना फरबों ललना० ॥५॥
बबुआ गेंना खेलिहें ललना जुड़ा जइबों ललना कि जी जइबों ललना
कि जी जइबों ललना० ॥६॥

सोने के खड़ाऊँ पर अमुक शाह आये और अपनी माता के दरवाजे पर खड़े हुए। उन्होंने कहा, हे मा! मेरे महल में चलो। मेरी स्त्री की प्रसव पीड़ा से बुरी दशा हो रही है। माता ने कहा, अरे पुत्र अपने महल में जाओ। मैं नहीं जाऊँगी। तुम्हारी बहू की कड़ी कड़ी बातें मुझे स्मरण हैं। ॥१॥

सोने के खड़ाऊँ पर चढ़ कर अमुक·····महाशय अपनी भावज के दरवाजे आकर खड़े हुए और कहा, अरी भावज, मेरे महल में चलो प्रसव पीड़ा से मेरी पत्नी की दशा बुरी है। वह अब नहीं जीऊँगी अब नहीं जीऊँगी कह कर रो रही है। भावज ने कहा, "हे देवर! तू अपने महल वापिस जाओ। मुझे बहू की बोली स्मरण है। 'अब नहीं जीऊँगी, अब नहीं जीऊँगी, वह क्या कह रही है।" ॥२॥

सोने के खड़ाऊं पर अमुक शाह......चढ़ कर अपनी बहन के महल में गये और कहा, "हे बहन मेरे महल में चलो। मेरी रानी की दशा प्रसव पीड़ा से बहुत बुरी है। 'वह अब न जीऊँगी, अब न जीऊँगी' कह कह कर रो रही है।"

बहन ने कहा, 'हे भाई, अपने महल में तुम जाओ। मुझे भौजी की

मार याद है। वह नहीं भूलेगी।' ॥३॥

फिर पति ने सारे नगर में घूम फिर कर सब से चलने के लिये कहा; पर सबने यही उत्तर दिया। तब लाचार हो अपनी स्त्री के दरवाजे आकर वह खड़ा हुआ और कहा, 'हे, पत्नी मैं सारे नगर में घूम फिर आया पर कोई तुम्हारा शुभेच्छु नहीं है।'

कटु भाषी पत्नी ने इस पर सरोष होकर कहा, 'अबकी बार मैं इस ग्रह से निपट जाऊँ तो सास जी का सिर चैला से तोड़ दूँगी।' ॥४॥

हे ललना, अब तो मैं जी गई (पुत्र उत्पन्न हो गया)। अब की नोह कटिया का रस्म समाप्त हुआ नहीं कि गोतिनी का बाल पकड़ कर खूब घसीटूंगी। और बरही रस्म से छुटकारा पाकर ननद की छाती छूरी से चीर दूँगी। हे, स्वामी, (मुझे इनकी फिक्र नहीं है) मेरा बच्चा गेंदा खेलेगा बस उसी को देखकर मैं तृप्त हो जाऊँगी। जुड़ा जाऊँगी। जी जाऊँगी।'

कर्कशा नारि का जीता जागता नमूना है।

(२)

माई उठे उठे कमरि से पीरा अबना जीअबि हो।
सासु के देहु न बोलाई भँडारवा सँऊपबि हो ॥१॥
माई उठे कमरि से पीरा अब ना जीअबि हो॥
ननदी के देहु न बोलाई रसोइआँ सँउपबि हो॥
माई उठे कमरि से० ॥२॥
माई गोतिनी के देहु न बोलाइ बलकवा सऊँपबि हो।
माई उठे कमरि से० ॥३॥
माई! सइयाँ के देहु ना बोलाई सँनुखिया सऊँपबि हो॥
माई उठे कमरि से० ॥४॥
माई घरि रात गइले पहर राति गइले जनमेले होरीला हम जीअबि हो ॥५॥
सासु के देहु बोलाई भँड़रवा हमरे हटे, धरें हमरे सिरे हाथ भँड़रवा हमरे हटें ॥६॥
ननदी के देहु बुलाइ रसोइया हमरे हटें। अब हम जीअबि हो० ॥७॥

गोतिनी के देहु बोलाई बलकवा हमरे हटे । अब हम जिअबि हो० ॥६॥
सइयाँ के देहु बोलाई सनुखिया हमरे हटे । धरू हमरे सीरे हाथ अब हम
जिअबि हो ॥१०॥

गर्भवती गृहिणी को प्रसव वेदना शुरू हुई और वह अपने जीवन से निराश हो कहने लगी :—

अरे अरे मेरी कमर में वेदना शुरू हुई । अब मैं नहीं जीऊँगी । मेरी सास को कोई बुला दो मैं उन्हें भंडार सौपूंगी । मेरी कमर में पीड़ा शुरू होने लगी अब मैं नहीं जीऊँगी ॥१॥

अरे मेरी ननद को कोई बुला नहीं देता कि मैं उन्हें रसोई सौंप दूं ? मेरी कमर में पीड़ा प्रारम्भ हो गई । अब मैं नहीं बचूंगी । ॥२॥

अरे मेरी जेठानी को कोई बुला दे । मैं अपना बालक उनको सौंपूँगी मेरी कमर में प्रसव वेदना रह रह कर होने लगी । अब मैं नहीं जीऊँगी । ॥३॥

अरे कोई मेरे सैंया को बुला दे मैं उन्हे अपना सन्दूक सौंप दूं । अरे मा, कमर में वेदना उठने लगीं । अब मैं नहीं जीऊँगी । ॥४॥

एक घड़ी रात बीत गई । पहर रात जाते जाते बालक ने जन्म लिया । अब मैं जीऊँगी । सास को बुला दो भंडार मेरा ही है । वह मेरे सिर पर हाथ रखें और आशीर्वाद दें । भण्डार मेरा ही है । ॥५,६॥

अरे मेरी ननदजी को बुला दो । रसोई मेरी है । अब मैं जी गई । अरे जेठानी को बुला दो । बालक मेरा ही है । अब मैं जी गई । अरे स्वामी को बुला दो । मैं कह दूँ कि सन्दूक मेरा ही है अब मैं जीऊँगी । वे हमारे मस्तक पर हाथ रखकर मुझे आशीर्वाद दें । ॥७,८,६,१०॥

इस गीत में सबसे प्यार की जानेवाली सुलक्षणा गृहिणी के प्रसव वेदना का और पुत्रोत्पत्ति का वर्णन है पूर्व की कर्कशा गर्भिणी से यह कितनी भिन्न है ।

———

देवी के गीत

(१)

निबिया के डाढ़ि मइया लावेली हिंड़ोलवा कि झूली झूली ना,
मैया ! गावेली गितिया की झुली झूली ना ॥
सातो बहिनी गावेली गितिया कि झुली० ॥१॥
झुलत २ मइया के लगली पिअसिया कि चलि भइली ना मलहोरिया
अवसवा कि चलि भइली ना । मल होरिवा० २॥
सूतलि बाड़ू कि जागलि ए मालिन ! मोहि बूँद एक पनिया पिआवहु
कि बूँद एक ना मोहि के पनिया० ॥३॥
कइसे में पनियाँ पिआईं ए जगतारनि मइया ! मोरा गोदी ना, मइया
बालका तोहार हो ॥ कि मोरा गोदी ना बालका तोहार० ॥४॥
बलका सुताव मालिनि ! सोने के खटोलवा कि बून एक ना, मोहि
पनिया पिआव मालीन बूँन एक ना ॥५॥
एक हाथे लेली मालिनि झँझर तमरुआ दोसर हाथे ना ए सिंहासन
पाट हो दोसर हाथे ना ॥६॥
पनिया पीअहु पाटी बइठीं ए सीतलि मइया ! कहीं ना है नगरिया
कुसलात मइया कहीं ना रछपाल ॥७॥
हमरो नगरिया मालिनि खेम कुसलतिया भाला मालिनि चाहीले तोहार
कि भाला मालिनि चाहीले तोहार मालिन । भाला० ॥८॥
जइसन मालिनि मोही के जुड़वलू कि ओइसन जुड़ाऊ धिअवा तोहार
कि मालिन । ओइसने जुड़ाऊ० ॥९॥
धीअवा जुड़इहें मालीन अपना ससुरवा कि पतोहिया तोरि साँझे दीअरा
जरइहें, कि पतोहिया तोर । मइया के खिजमति करीहें
कि पतोहिया तोरि ॥१०॥

नीम की डाल पर झूला लगाकर माता भगवती इस पर झूल झूल कर गीत गाती हैं—सातों बहन देवी जी झूल झूलकर गीत गाती हैं ॥१॥

झूलते झूलते मा को प्यास लगी। वे माली के घर चल पड़ीं—वे माली के आवास पर पहुँचीं वहाँ उन्होंने कहा:—

'हे मालिनि, तुम सोती हो या जागती हो। एक बूँद मुझे पानी पिलाओ—अरे एक बूँद भी जल मुझे पिला दो' ॥२,३॥

मालिनि ने कहा, 'हे जगतारिणी मा, मैं आपको जल कैसे पिलाऊँ ? मेरी गोदी में आपका बालक है। मेरी गोदी मेंआपका बालक है। मैं जल कैसे पिलाऊँ ?' ॥४॥

देवी जी ने कहा, 'अरी मालिन, सोने के खटोले पर बालक को सुला दो और मुझे बूँद भर जल पिला दो—हे मालिन मुझे बूँद भर जल पिला दो' ॥५॥

मालिन ने एक हाथ में तामे का गेडुआ लिया और दूसरे हाथ में सिंहासन लेकर देवी जी से कहा, "हे शीतला मा, पानी पीजिये और इस सिंहासन पर बैठिये। और हे मा, नगर की रक्षा का हाल कहिये।" ॥६,७॥

शीतला जी ने कहा, अरे मालिन ! मेरी नगरी में तो सब कुशल है। तुम्हारी भलाई चाहा करती हूँ—तुम्हारी भलाई चाहा करती हूँ ॥८॥

'हे मालिन जिस तरह से तुमने मुझे जल पिला कर तृप्त किया वैसी ही तुम्हारी कन्या जुड़ाय, तृप्त होवे, वैसी ही तुम्हारी पतोहू तृप्त होवे। हे मालिन, तुम्हारी कन्या तो अपनी ससुराल में तृप्त होगी और तुम्हारी पतोहू देवी के यहाँ संध्या-समय दीप जलावेगी। तुम्हारी पतोहू देवी जी की सेवा करेगी।'

(२)

कथी केरा ककही सीतलि मइया, कथी लागल हो साल ए
कथी का मचीअवे सातो बहिनी झारे लामी हो केस ए ॥१॥
सोने केरा ककही सीतलि माई जी रूपे लागल हो साल ए।
सोने का मचीअवे जगदम्मा माई झारे लामी हो केस ॥२॥
टूटि गइली ककही फूलमती मइया मुरुकि गइली हो साल ए।
कोपली जगदम्मा माई जी सोनरा घरे हो जासु ए ॥३॥
जाँघ तोरि थाको ऐ सोनार बहियाँ लागे रे घून।

जवनी हाथे गढ़ले रे सोनारा ककही केरे साल ए ॥४॥
रोवेले सोनरा के मइया लटि धुने रे केस ए।
अबकी गुनहिया सातो बहिनी माफ करो हमार ए ॥५॥
रोवेले सोनारा के जोइया लटि धूनि रे केस ए।
अबकी गुनहिए जगदम्बा मइया सेनूरा बकसे मोर ए ॥६॥
गढ़ि दीहे ए ककही सीतलि माई जी जोरी दीहले रे साल ए।
सोने के मचीअवे जगतारनि झारति बाड़ी लामी केस ए ॥७॥

अरे शीतला माता की कंघी किस चीज की बनी है! उसमें किस चीज के साल लगे हैं? और किस वस्तु की बनी मचिया पर बैठकर सातो बहन लम्बे लम्बे बाल झारती हैं। ॥१॥

शीतला माता की कंघी सोने की है और उसमें रूपे के साल लगे हैं। और सोने की मचिया पर बैठकर जगदम्बा केस झारती हैं ॥२॥

फूल मती माता की कंघी टूट गई। उनकी बाह में उससे मोच आ गई। उन्हें क्रोध आया और वह सोनार के घर पहुँची। वहाँ पहुँच कर उन्होंने कहा, "अरे सोनार तेरी जांघ निर्बल हो जाय। और तुम्हारी उस बाँह में घुन लगे जिस हाथ से तूने कंघी के साल बनाये थे। ॥३, ४॥

इस पर स्वर्णकार की मा (लट धुन धुन) सर पीट पीट कर रोने लगी। और कहने लगी, हे माता अब की बार अपराध क्षमा करो। मेरी गोद भरी। सोनार की स्त्री सर पीट पीट (केश धुन धुन) कर रो रो कहने लगी, 'हे जगदम्बे अबकी बार अपराध क्षमा करो। मेरा सिन्दूर छोड़ दो। हे शीतला जी फिर से यह कंघी गढ़ देगा और टूटे साजों को भी बना देगा। हे जगतारिणी मा आप सोने की मचिया पर बैठ कर बार झारना ॥५, ६, ७॥

(३)

कंवरू से जब चलली सीतलि मइया झालरि डंडिया फनाई जी ॥१॥
लाले लाले डड़िया ए माई जी सबूज ओहार जी।
लागि गइले बतीसो कहार जी ॥२॥
डड़िया फनाई जब चलली जगदम्मा हो माई जी,

चलि भइली माधो का दूआर जेशितला पुकारे ली माधव के
मइया चिहाइ हो ॥३॥
माधो के मूअले भइले छव मास आजु रउरा दीहलीं जगाइ हो ॥४॥
कहवाँ जरवले रे माधो सेवकवा रे सेही ठइयाँ देइ ना बताई रे ॥५॥
आगा आगा जाले रे माधो मइया रे ताही पाछे ए सितलि माई जी ॥६॥
धूरिया बटोरि ए माईं जी कुरिया लगवलू लिहलू खोइछवा
में बान्हिहो ॥७॥
सुमिरे त लगली माई जी अपनो देवतवा हो उठि के मधउवा
भइले ठाढ़ जी ॥८॥
धनि धनि मइया तोहारि नाँव गइयाँ धनि हईं प्रभुता तोहार हो ॥९॥

